Сабий тхылъым и тхьэмахуэр къызэ1уах

2-нэ нап.

Башкирием и артистхэр ди хьэщ1эщ

3-нэ нап.

Алыхьыр къызэрытхуэупса мазэр йокI

3-нэ нап.

«УсакIуэр» ди адэм зэрихьа щIэ лъапIэщ...

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№36 (24.786) ● 2025 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 25, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

Афэрым, «Черкес»!

4-нэ нап.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм и махуэм теухуа и хъуэхъу

Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэхэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сынывохъуэхъу махуэшхуэмкIэ!

Ди республикэм и щэнхабзэ IэнатIэм щолажьэ зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъ, зи IэщIагъэм къыхуигъэщIа цIыху куэд. Фэ хэлъхьэныгъэ ин хувощI ди щэнхабзэ, тхыдэ щIэинхэр, игъащIэ лъандэрэ къыддекIуэкI псэкупсэ лъапIэныгъэхэр хъумэным, къытщIэхъуэ щIэблэм щалъхуа щIыналъэр фIыуэ ялъагъуу, Хэкум хуэпэжу гъэсэным.

Фэ вбгъэдэлъ творческэ зэчиймрэ IэщIагъэм епха зэфIэкIымрэ я фIыгъэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ гъащIэр зы илъэсым нэхърэ къыкIэлъыкIуэм нэхъ екIу, дахэ икIи къулей мэхъу. Дауи, фи лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ иIэщ жылагъуэм гупсысэ тэрэзхэр щызекIуэнымкIэ, цIыхухэм я зэхуаку дэлъ зэхущытыкIэхэр нэхъри ефIэкIуэнымкIэ.

Си гум къыбгъэдэкIыу фIыщIэ фхузощI зэфIэвгъэкI апхуэдэ Iуэхушхуэхэм, фхэлъ пэжагъымрэ жыджэрагъымрэ папщIэ, щэнхабзэм пэжу, псэ къабзэкIэ фызэрыхуэлажьэм щхьэкIэ.

Ди республикэм нобэ гулъытэшхуэ щыхудощI щэнхабзэ IэнатIэм адэкIи зегъэужьыным. Иужьрей илъэсхэм ехъулIэныгъэ диIэу къыдогъэщIэращIэ абы и лэжьыгъэр езыгъэфIэкIуэфыну псори. Творческэ гупхэм зыхуей-зыхуэфIхэр яIэнымкIэ сэбэп дахуохъу. Дэ дяпэкIи сыт и лъэныкъуэкIи дыхущIэкъунущ IэнатIэм нэхъри зиужьыным.

Си гуапэщ узыншагъэ быдэ, зэпэщыныгъэ, фIыуэ тлъагъу ди Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, Урысей Федерацэм я зэпэщыныгъэм хуэгъэпса творческэ ехъулIэныгъэщIэхэр фиIэну.

ЩаIэщ ехъулIэныгъэхэр IэнатIэ куэдым

Къэбэрдей-Балъкъэрым Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм 2024 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм щыхэплъэжащ иджыблагъэ екIуэкIа зэIущIэм. Апхуэдэу абы щаубзыхуащ дызэрыт илъэсым ягъэзэщIэну къапэщылъ къалэнхэри. ЗэIущIэм и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, КъБР-м и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, инновацэ зыужьыныгъэмкIэ, туризмэмрэ хьэрычэт щIэн Iуэхухэмкiэ и комитетым и тхьэмадэ Iэпщэ Заур сымэ, коллегием хэтхэр, нэгъуэщIхэри.

МИНИСТЕРСТВЭМ нэгъабэ хузэфIэкIащ республикэм щыщыIэ макроэкономикэ щытыкIэр иригъэфIэкIуэн. ЩIыналъэ валовэ продукту къыщIагъэкIам и куэдагъым къыпэкIуащ сом мелард 325,5-рэ, проценти 5-кIэ ар нэхъыбэщ абы ипэ ита илъэсым яхузэфIэкIам нэхърэ.

2023 гъэм щыIа бжыгъэхэм елъытауэ промышленнэ индексым проценти 121,4-кIэ хэхъуащ нэгъабэ икIи абыкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Кавказ Ищхъэрэм щыяпэщ, Урысей Федерацэм щыетIуанэщ.

Къапщытэж лъэхъэнэм къриубыдэу республикэм и экономикэ IэнатIэхэм я индексхэр зэрыдэкIуеяр къэдгъэлъагъуэмэ, продукцэхэр къыщIэзыгъэкIхэм, абыхэм елэжь IэнатIэхэм - проценти 132,3-кIэ, щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэр къыщIэхынымкIэ проценти 101,9-кIэ хэхъуащ. Ди щIыналъэм къыщыщIагъэкIауэ нэгъуэщI щIыпIэхэм хурагъэша продукцэхэм, IэнатIэ зэхуэмыдэхэм цIыхухэм хуащIа Iуэхутхьэбзэхэмрэ зэфIагъэкIа лэжьыгъэхэмрэ сом мелуан 67065,7-рэ къапэкIуащ е 2023 гъэм яхузэфIэкIам проценти 109,7-кIэ хуэкIуэу.

2024 гъэм республикэм и мэкъумэш IэнатIэхэм псоми зэхэту продукцэу къыщIагъэкIащ сом меларди 110,7-рэ и уасэ. 2023 гъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ проценти 106,6-кIэ нэхъыбэщ ар. Мэкъумэш къэкIыгъэхэмкIэ индексыр проценти 107,6-рэ хъуащ, Iэщ гъэхъун IэнатIэм ейр проценти 105,3-рэ. Хэхъуэр нэхъыбэу къэзытар пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэхэмрэ, Iэщрэ джэдкъазу ягъэхъумрэ шэуэ къыщIашымрэ зэрыхагъэхъуарщ.

Илъэс блэкIам ди щIыналъэм зыщагъэпсэхуащ турист мелуан 1,8-м икIи ар процент 16,4-кIэ нэхъыбэщ абы ипэ ита илъэсым щыIахэм нэхърэ.

Иужьрей илъэсхэм хьэрычэт щIэн Iуэхум къыхыхьэхэм я бжыгъэри нэхъыбэ хъуащ. 2025 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу щIыналъэм щылэжьащ хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ (МСП) пэрыт IуэхущIапIэу 22629-рэ, абыхэм ящыщу 5850-р юридическэ лицоуэ, 16779-р - унеи IуэхущIапIэу. 2023 гъэм елъытауэ МСП-м къыхыхьахэм я бжыгъэр проценти 106,3-кIэ нэхъыбэ хъуащ нэгъабэ.

Я щхьэ хуэлэжьэжыну налогхэх IэнатIэхэм зыщезыгъэтхахэм я бжыгъэр цIыху 81466-рэ хъуащ, абыхэм ящыщу 79120-р юридическэ лицоуэ, 2346-р - унеи IуэхущIапIэу.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и Шэсыпiэ фонд» IуэхущIапIэр 2024 гъэм 27-рэ шэсыпIэ ихьащ псори зэхэту сом мелуан 295,7-рэ хуэдизкIэ. А фондыр шэсыпIэ ихьэу сом мелуан 801,7-рэ и уасэ кредит зэгурыIуэныгъэхэр банкхэм иращIылIащ.

КъБР-м Хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ кредит цIыкIухэр етынымкIэ и фондым нэгъабэ ахъшэ щIыхуэу псори зэхэту сом мелуан 26,5-рэ яритащ МСП-м хыхьэ IуэхущIапIэу, я щхьэ хуэлэжьэжу 110-м.

2024 гъэм КъБР-м «Си хьэрычэт IэнатIэ» и центрым МСП-м хыхьэ IуэхущIапIэу 3226-м, я щхьэ хуэлэжьэжу 719-м, физлицоуэ 1356-м (бизнесым хыхьэну мурад зыщIахэм) Iуэхутхьэбзэ 6177-рэ яхуищIащ.

Илъэс блэкIам, зэкIэ къызэрабжамкIэ, республикэм къэрал щIыб зэпщIэныгъэхэр езыгъэкIуэкI и IуэхущIапIэхэм экспорт Iуэхугъуэу зэфIагъэкIар процент 45-кIэ нэхъыбэщ, 2023 гъэм яхузэфIэкIам нэхърэ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр сатукIэ япыщIауэ щытащ къэрал 68-м, абыхэм ящыщу 26-м экспорт Iуэхугъуэхэр ядрегъэкIуэкI.

Республикэм и продукцэхэм ящыщу экспортым нэхъыбэу ягъакIуэр ерыскъымрэ ерыскъыхэкIхэмрэщ, псори зэхэту процент 80-р абыхэм къалъос. Ди щIыналъэм ираш жылапхъэхэр, IэфIыкIэр, фадэхэкIыр, псыхэкIыр, спиртыр, нартыху крахмалыр, Iусыпхъэр, нэкулъ зэмылIэужьыгъуэхэр, нэгъуэщI лыхэкIхэр, хадэхэкI гъэфIэIуахэр, нарзаныпсыр.

КъБР-м Экспортыр дэIыгъынымкIэ и центрым къапщытэж пIалъэм къриубыдэу Iуэхугъуэ зыбжанэ зэфIигъэкIащ: МСП-м хыхьэ IуэхущIапIи 9-м экспорт зэгурыIуэныгъэхэр хамэ къэралхэм иращIылIащ, 140-м Iуэхутхьэбзэ зэхуэмыдэхэр яхуищIащ, IуэхущIапIэ 15-р дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэу 4-м хигъэтащ.

Къапщытэж пIалъэм къриубыдэу республикэм щагъэзэщIащ КъБР-м и къэрал программэу 26-рэ, абы щыщу 20-м къэралым и мылъку къыхыхьащ. Республикэм и къэрал программэхэр гъэзэщIэным псори зэхэту сом мелард 61,22-рэ хухахащ. Абы щыщу сом мелард 19,33-р къэрал бюджетым, сом мелард 41,89-р щIыналъэ бюджетым къахэкIащ. ИпэжыпIэкIэ къэрал программэр процент 98,9-кIэ ягъэзэщIащ е сом мелард 6055-рэ трагъэкIуэдащ. Абы щыщу сом мелард 19,27-р къэралым ейщ, сом мелард 41,28-р - щIыналъэ бюджетым къыхэкIащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр щIыналъэ пэхуэщIэу 54-м хэтащ, абыхэм ящыщу 47-м - нэгъабэ. Ахэр гъэзэщIэным хуэунэтIауэ псори зэхэту къэрал, щIыналъэ бюджетхэм сом мелуан 10385,6-рэ къыхэкIащ, лэжьыгъэхэри процент 99,95-кIэ зэфIагъэкIащ.

Капитальнэ ухуэныгъэхэмрэ гъуэгухэмрэ бренд дамыгъэхэр тегъэувэнымкIэ, QR-кодхэмкIэ ахэр къызэгъэпэщынымкIэ (цIыхухэр абыхэм къапэджэжыфын щхьэкIэ) лэжьыгъэхэр проценти 100-кIэ зэфIагъэкIащ.

НыбжьыщIэхэм папщIэ тIысыпIэу псори зэхэту мини 5-м нэблагъэ яIэу курыт еджапIэу 8 къызэIуахащ, километр 94,2-рэ зи кIыхьагъ автомобиль гъуэгухэр щыIэ мардэм кърагъэтIэсащ, жьы хъуа псэупIэхэм цIыху 587-рэ къыщIагъэIэпхъукIащ, тыншу зэпкърыплъхьэ-зэпкърыпх, бгъэпхъуэ хъу хьэщIэщхэр ухуэным ехьэлIа инвестицэ пэхуэщIэу 52-рэ ягъэзэщIащ, цIыхухэр куэду щызэхуэс щIыпIэу, фэтэр куэду зэхэт унэхэм я пщIантIэу 62-рэ зэIузэпэщ ящIащ, гъавэ зытращIэ щIыуэ гектар мин 1,5-м мелиорацэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIащ, жыгыщIэу мин 45-рэ хасащ.

Апхуэдэуи къапщытэж пIалъэм къриубыдэу социальнэ ахъшэу сом мелуан 745,7-рэ ятащ, автобусыщIэу 44-рэ, медицинэ транспорту 20, медицинэ обрудованэу 66-рэ къащэхуащ. Медицинэм хуэунэтIа ухуэныгъи 7-м ухуэныгъэ-монтаж лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIащ, Звезднэ жылэм амбулаторэщIэ къыщызэIуахащ. Республикэм и школ сымаджэщ, Щэнхабзэмкiэ унэ, спорт зал куэд къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ.

ЗэIущIэм и лэжьыгъэм и кIэм Мусуков Алий къыхигъэщащ дызэрыт илъэсым IэнатIэм къыпэщылъ къалэнхэр икIи ехъуэхъуащ я лэжьыгъэм ехъулIэныгъэхэр щаIэну.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэм ящIэн папщIэ

2025 гъэм гъатхэпэм и 26-м сыхьэти 10-м КъБР-м и Парламентым и Унэм щызэхэтынущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

2025 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым къыпещэ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.

Мази 2-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 360-рэ кIэпIейкIи 7-рэ;

фэ езым поштым къыщыфщтэжынумэ - сом 329-рэ кIэпIейкIэ 18-рэ.

Ди индексыр П5894



Утыку зэрихьэр лъапэщи…

Санкт-Петербург къалэм иджыблагъэ ехъулIэныгъэшхуэхэр щызыIэрагъэхьащ лъэпкъ къафэхэмкIэ «Амра» ансамблымрэ (Бахъсэн къалэ) щапхъэ зытрах «Ассорти» гупымрэ (Прохладнэ къалэ). Ахэр хэтащ къафэхэмкIэ лъэпкъыбэ зэхьэзэхуэм, «Ход первых» зыфIащам.

ЗЭПЕУЭМ зыкъыщагъэлъэгъуащ къэрал псом и къэфакIуэ гуп нэхъ пажэ 50-м нэблагъэм. «Кабардинка» ансамблым хэтахэу ГъукIэхэ Аслъэнрэ Зитэрэ зи унафэщI «Амра» къэфакIуэ гупым саугъэт нэхъыщхьэр къыщихьащ зэпеуэм лъэпкъ къафэхэмкIэ и Iыхьэм. Апхуэдэуи япэ нагъыщэ зиIэ лауреат абы щыхъуащ утыку кърихьа «Бжьэдыгъу ислъэмей» «Адыгэ зэгъэлъэт», «Убых» къафэхэмкIэ.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Вахрамеевэ Наталье игъасэ «Ассорти» гупыр лъэпкъ къэфэкIэхэмрэ иджырейхэмкIэ япэ нагъыщэ зиIэ лауреат плIэнейрэ хъуащ, «Golden Grand Prix», «Симпатия членов жюри» щIыхь тхылъхэр къыхуагъэфэщащ.

Мы зэхьэзэхуэр къызэрегъэпэщ «Радость планеты» жылагъуэ зэгухьэныгъэм. IуэхущIапIэм зэхьэзэхуэм сом мин 500 саугъэту хухихащ, текIуэныгъэ къэзыхьахэмрэ лауреатхэмрэ ягъэлъэпIащ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

ТекIуэныгъэм и джатищым я тхыдэ

«Хэку-анэр къоджэ!»

«ЗауэлI-щхьэхуитщIыжакIуэр»

Хэку зауэшхуэм и фэеплъ нэхъ лъагэ дыдэу Урысей Федерацэм щагъэувар Волгоград къалэм и Мамаев Iуащхьэм тет «Хэку-анэр къоджэ!» цIэрыIуэращ. Ар дуней псом щынэхъ лъагэхэми яхэтщ.

СТАЛИНГРАД зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъым и теплъэр мы гъэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрытхьрэ илъэс 80 зэрырикъум и дамыгъэуи къащтащ. Абы гъэщIэгъуэну хэлъраци, скульптурэр гупсысэкIэ нэгъуэщI фэеплъитIым япыщIащ: «Тыл - фронту» (Магнитогорск щыIэр), «ЗауэлI-хуитщIыжакIуэ» (Берлин щагъэувар) зи фIэщыгъэхэм.

Скульптурэхэм щыми зэщхьу зы дамыгъэ яIэщ - ТекIуэныгъэм и джатэр. Зи гугъу тщIым япэ дыдэу 1975 гъэм тетхыхьауэ щытащ «Известия» газетыр. Фэеплъхэм я щIагъыбзэщ - Урал псы Iуфэм къыщыхаIущIыкIа джатэр Сталинград «Хэку-анэм» къиIэту, зауэлI-хуитщIыжакIуэм Берлин зэрыщигъэтIылъыжар.

Iыхьищу зэхэт фэеплъхэм я япэр «**Тылым - фронтым**» зыфIащарщ. Ар зауэ шынагъуэм ТекIуэныгъэр къыщыхьыным зи гуащIэ хэзылъхьа совет цIыхубэм я дамыгъэщ. Тылым и лэжьакIуэхэм я фэеплъыр Магнитогорск щыгъэувыныр къызыхэкIауэ щытар зауэм и илъэсхэм танкитI къэс зыр, топышэу, ещанэр къызыхащIыкIар магнитогорск жырыр зэрыарарт.

«**Хэку-анэр къоджэ!**». Фэеплъ етIуанэр - джатэр къиIэтауэ лъэбакъуэ зыча бзылъхугъэм и теплъэр - Хэкум и дамыгъэщ, къэралым и къуэ пажэхэр зэкъуэувэу, бийр зэтекъутэным къыхуриджэу. Ар Мамаев Iуащхьэм щыгъэувынми щхьэусыгъуэ иIэт: абдеж, Индыл псым и ижьырабгъу Iуфэм, Сталинград зауэр 1942 гъэм фокIадэм щегъэжьауэ 1943 гъэм и щIышылэ пщIондэ щекIуэкIащ. А щIыпIэращ бийр зэтракъутэн, ирагъэкIуэтын щыщIадзар. Мамаев Iуащхьэм щыIэ къуэшыккхъэхэм Сталинград зыхъума лIыхъужь мин 35-м щIигъу щIэлъщ.

Ленинград «Монументальная скульптура» заводым щащIа фэеплъ ещанэр - «**ЗауэлI-щхьэхуитщIыжакIуэр**» - Германием ящэри щагъэуват, нэмыцэ щыхьэрыр къыщащтэм хэкIуэдахэм я фэеплъу. Трептов-паркым щыщIалъхьэжат совет зауэлI мини 7-м щIигъу. Жэзым къыхэщIыкIа совет зауэлIым и зы IэмкIэ джатэр ирихьэхауэ иIыгъщ, етIуанэмкIэ - зэхэуэ гуащIэм кърагъэла нэмыцэ хъыджэбз цIыкIур. Фэеплъыр ЕтIуанэ дунейпсо зауэр ди цIыхубэм и ТекIуэныгъэкIэ зэриухам и дамыгъэщ, европей лъэпкъхэр фашизмэм къызэрыIэщIахам и нэщэнэщ.

«Тылым - фронтым»

ТекIуэныгъэм и Джатэм и гъуэгуанэр Урал щригъэжьэу, Берлин щиухыжами, фэеплъхэр зэращIар зэкIэлъыкIуэркъым: япэу ящIар «ЗауэлI-щхьэхуитщIыжакIуэращ» (1949 гъэм), «Хэку-анэр къоджэ!» зыфIащар щаухар 1967 гъэрщ, «Тылым - фронтым» жыхуиIэр хьэзыр щыхъуар 1979 гъэм и гъэмахуэрщ. ЗэратхымкIэ, мы Iуэхум пыщIауэ еплIанэ фэеплъи щыIэщ, Нью-Йорк къалэм дэту (ООН-м и штаб-фэтэрым деж). Абы къыщыгъэлъэгъуащ джатэр пхъэIэщэкIэ зыпсыхьыж лэжьакIуэм и теплъэр. АбыкIэ жаIэну зыхуеяр дунейм цIыхуу тету хъуам Iэщэр егъэгъэтIылъыным, зэгурыIуэу псэуным зэрыхущIэкъурт.

Мамаев Iуащхьэм тет фэеплъым къыщыгъэлъэгъуа цIыхубзым дежкIэ дгъэзэжмэ, ухуэныгъэм елэжьахэм яхузэфIэкIат абы и гум щыщIэри зэрыпIейтейри и нэгум къиIуатэу ящIыну. А фэеплъырщ мы зэманым Волгоград щIыналъэм и гербым тетри.

«Сыт лъыгъажэшхуэхэр щекIуэкIа Мамаев Iуащхьэм тет фэеплъымкIэ цIыхухэм яжетIэну дызыхуеяр?! Дэ дызыхущIэкъуар псом япэу ди зауэлIхэр къэмылэнджэжу Хэкум хуэпэжу зэрыщытам щыхьэт дытехъуэнырт», - итхыгъащ архитектор Вучетич Евгений.

Сталинград а фэеплъыр щыухуэныр зауэр имыух щIыкIэ къыхалъхьауэ щытащ - 1944 гъэм и бжьыхьэм. Ар зыщIынухэм я зэхьэзэхуэм, совет архитекторхэм къищынэмыщIа, хамэ къэралхэм щыщхэри хэтат. Вучетич Евгений абы хэтатэкъым, ауэ зэпеуэр къыхалъхьэн ипэ къихуэу, абы и проектым Сталин Иосиф щигъэгъуэзат.

«Хэку-анэр къоджэ!» фэеплъым и ухуэныгъэм теухуа унафэм Iэ щIадзащ 1958 гъэм. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым абы елэжьын ирагъэжьащ, ауэ къыщызэIуахар 1967 гъэрщ. Вучетич нэмыщI, фэеплъым иджыри скульптор зыбжанэ елэжьащ. Гупым я унафэщIу щытащ архитектор, скульптор, къалэухуакIуэ Белопольский Яков.

Фэеплъыр езы щIыпIэм деж щагъэжащ, джатэмрэ и щхьэмрэ къищынэмыщIа. Ахэр щхьэхуэу ящIри, вертолёткIэ щхьэщагъэувэжат. Фэеплъым зделэжьым и лъагагъ хъуныр зыбжанэрэ яхъуэжащ: метр 32-р 56-м нагъэсыну зэм унафэ ящIащ, иужьрейуэ метр 85-м къытеувыIащ. 1963 гъэм РСФСР-м и Министрхэм я Советым и унафэкIэ, къэралым и архитектор нэхъыфI дыдэхэм ящыщ цIыхуи 9 хъууэ зэщIагъэуIуэри, фэеплъыр быдэу гъэувыныр я къалэну елэжьащ. Останкинэ чэщанэр зэращIам ещхьу, фэеплъым и кIыхьагъкIэ бетоным гъущI кIапсэ халъхьащ, тонн 60 дэтхэнэри хъууэ. Джатэр мыулъий жырым къыхащIыкIащ, титан телъыжу. Арщхьэкiэ абы и хьэлъагъыр имыIыгъыу мызэ-мытIэу кътутауэ щытати, 1972 гъэм ар зи кур нэщI жыркIэ яхъуэжат.

«Хэку-анэр къоджэ!» фэеплъыр щIым метри 2-кIэ къытеIэтыкIащ. Ухуэныгъэм и лъабжьэр быдэу метр 16-кIэ щIым хэтщ. Ар зытет Iуащхьэм щIыуэ тонни 150-м нэблагъэ тракIутат, и хьэлъагъым щIэщIыкIыр (фундаментыр) имыкъутэн папщIэ.

Фэеплъым и лъапэм деж щегъэжьауэ Iуащхьэм уридэкIуейуэ дэкIуеипIэ 200 иIэщ, Сталинград зауэр зэрекIуэкIа махуэ бжыгъэр къигъэлъагъуэу. Ухуэныгъэр къыщызэIуахым (1967 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м) хэтат КПСС-м и ЦК-м и Генеральнэ секретарь Брежнев Леонид, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэщI Подгорный Николай, СССР-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и министр, Совет Союзым и маршал Гречкэ Андрей сымэ. Абы лъандэрэ волгоград фэеплъыр ди къэралым нэхъ щыцIэрыIуэ дыдэ-хэм ящыщщ: илъэс къэс абы йокIуалIэ цIыху мелуани 2,6-м нэблагъэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

«Хэкупсэ. Хэку. Къалэн»

Спорт зэхьэзэхуэ щекIуэкIащ Аушыджэр къуажэм Къардэнхэ Къубатийрэ Къэбардэрэ я цIэр зезыхьэу дэт курыт еджапIэм. Абы хэтащ Налшык, Бахъсэн къалэхэм, Къубэ-Тэбэ, Аушыджэр, Бабугент, Балъкъэр Ипщэ къуажэхэм щыщ ныбжьыщIэхэр. Ахэр зэпеуащ турниккIэ зыIэтынымкIэ, лъэнымкIэ, пневматикэ фочкIэ уэнымкIэ.

УКРАИНЭМ щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам къулыкъум пэрыту зи псэ щызыта зауэлIхэм я фэеплъщ а зэпеуэр. Слъон Билал, Щоджэн Албэч, Гъубж Ислъам сымэ Къардэн зэкъуэшхэм я цIэр зезыхьэ школым щеджащ. ЛIыхъужьу хэкIуэдахэм я фэеплъ пхъэбгъухэр къыщызэIуахащ курыт еджапIэм. ЩIалэхэм псалъэ гуапэхэр хужаIащ егъэджакIуэхэм, я ныбжьэгъухэм, лIыхъужьхэр зыцIыхуу щытахэм. «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и лэжьакIуэхэм ящIыгъуу зэхыхьэм хэтащ дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэу Мэзло Заурбэчрэ Насып Рустамрэ.

Слъон Билал курыт еджапIэ нэужьым Санкт-Петербург Киров С. М. и цIэр зэрихьэу дэт дзэ-медицинэ академием щеджащ. Ар медицинэ къулыкъум и прапорщикт, фельдшерт. 2022 гъэм Украинэм, лIыхъужьу и псэр щитащ, дзэ, медицинэ къулыкъухэр игъэзащIэу. Хахуагъэм и орден къыхуагъэфэщащ щымыIэжу.

Щоджэн Албэч радист-тIасхъэщIэхт. 2023 гъэм къулыкъум пэрыту ЛНР-рэ ДНР-рэ щыIа зэхэуэхэм щыхэкIуэдащ. УФ-м и Президентым и УнафэкIэ и лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщIэ щымыIэжу зауэлIым къыхуагъэфэщащ Жуковым и медалыр, Хахуагъэм и орденыр.

Гъубж Ислъам Рязань гвардие хьэуадисантыдзэм и училищэр къиухащ. 2023 гъэм гъатхэпэм и 3-м ЛIыхъужьыгъэм и орден къыхуагъэфэщащ, дзэ Iуэху хэхам къыщигъэлъэгъуа зэфIэкIым папщIэ. Дзэ къулыкъум пэрыту хэкIуэдащ 2024 гъэм бадзэуэгъуэм и 31-м.

ГЪУЭТ Синэ.

Сабий тхылъым и тхьэмахуэр къызэIуах

Щоджэнц1ыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым гъатхэпэм и 21-м къыщызэIуахащ сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ яхуэгъэза тхылъхэм я урысейпсо тхьэмахуэр. Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьрэ мы гъэм илъэс 80 зэрырикъум иращIэкIа зэхыхьэ гуапэр къызэригъэпэщащ КъБР-м Тхылъыр фIыуэ зылъагъухэм я зэгухьэныгъэу щыIэм.

ДИ ЩIЫНАЛЪЭМ ис сабийхэм тхылъхэр зыхалъхьэ щымыIэу фIыуэ зэралъагъум мыхьэнэшхуэ иIэщ. Аращ Тхылъыр фIыуэ зылъагъухэм я зэгухьэныгъэм ныбжьыщIэхэм яхуэгъэза зэхьэзэхуэхэр къыщIызэригъэпэщри. Ахэр усэ, прозэ къеджэнкIэ зэпоуэ.

- ЗэIущIэм къекIуэлIахэм тхылъыр фи ныбжьэгъуфIу зэрыщытым шэч къытесхьэркъым. Тхылъ еджэным дихьэххэр щIэныгъэкIэ адрейхэм йофIэкI. Фи ныбжьым дыщитым ар зыхэтлъхьэ щымыIэу фIыуэ тлъагъурт. ТхылъыфIхэр ноби сфIэгъэщIэгъуэнщ, – жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин. – Сабий тхылъым и тхьэмахуэмкIэ сынывохъуэхъу! ТхылъыфIхэр фи ныбжьэгъуфIу фыкъыдэкIуэтеину си гуапэщ!

КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ

и комитетым и унафэщI, депутат Текуев Амырбий ныбжьыщIэхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ ехъуэхъуащ, тхылъыр зи Iэпэгъум и гъащIэр зэрыкупщIафIэр къыхигъэщу.

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ Карчаевэ Iэминатрэ Текуев Амырбийрэ дипломхэмрэ саугъэтхэмрэ щратыжащ республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ я курыт еджапIэхэм я гъэсэнхэм ящыщу «Тхылъеджэ нэхъыфI-2025», «ЛIыхъужьыгъэр гукIэ зыхыдощIэ» зэпеуэхэм щытекIуахэу Алэкъей Элинэ, Гындыгъу Андемыр, ГъукIапщэ Алинэ, Журт Дисанэ, Къарэнашэ Алинэ, Мэкъуауэхэ Каринэрэ Мансуррэ, Албот Алихъан, Динаевэ Саидэ, Духьэлий Элинэ, Бро Дисанэ, Григорян Ангелинэ, Джэху Мансур сымэ, нэгъуэщIхэми.

Зэхыхьэм ныбжьыщIэхэм щахутепсэлъыхьащ Сабий тхылъым и тхьэмахуэм и тхыдэм, абы гупсысэу щIэлъари тхылъ емыджэу щIэныгъэ зэрызрамыгъэгъуэтыфынурщ. Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я литературэм и тхьэмахуэ егъэкIуэкIыныр къыхэзылъхьауэ щытар Кассиль Левщ. 1943 гъэм Москва гъатхэпэм и 26-м тхакIуэхэмрэ тхылъеджэ ныбжьыщIэхэмрэ я «Книжкины именины» зэIущIэ гукъинэжыр щекIуэкIат. Абы хэтащ тхакIуэ цIэрыIуэхэу Михалков Сергей, Барто Агния, Шварц Евгений, Маршак Самуил, Пришвин Михаил, Чуковский Корней сымэ, нэгъуэщIхэри. Зэхыхьэм ныбжьыщIэ мин 30-м щIигъу хэтат. Нэхъыжьхэм ныбжьыщIэхэр щагъэгъуэзат Хэку зауэшхуэм хэкIуэда тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ. Абы лъандэрэ а Iуэху дахэм гъэ къэси пащэ. ЭкранымкIэ къагъэлъэгъуащ Москва япэ сабий тхьэмахуэр зэрыщагъэлъэпIауэ щытам теухуа нэтынхэм щыщ пычыгъуэхэр.

Иджы, «Сабий тхылъым и тхьэмахуэм» хыхьэу, къэралым, республикэм я библиотекэхэм тхылъыщIэхэр, спектаклхэр щагъэлъагъуэ, мастер-классхэр, викторинэхэр, лекцэхэр, зэпеуэхэр щрагъэкIуэкI, тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ щаIуощIэ.

Мы тхьэмахуэм къриубыдэу республикэм и библиотекэхэм тхылъ гъэлъэгъуэныгъэхэр щекIуэкIынущ. Абы хэту къызэрагъэпэщ тхылъ къеджэныгъэхэр, таурыхъхэм къытращIыкIа театр теплъэгъуэхэр, литературэ джэгукIэ лIэужьыгъуэхэр утыку къыщрахьэ, тхылъеджэхэм я зэIущIэхэр, тхакIуэхэм я махуэхэр щыIэщ.

Зэхыхьэм къекIуэлIахэм я нэгу зрагъэужьащ республикэм и уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ ныбжьыщIэхэм.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Карей Элинэ** *трихащ.*

Зыпэрытари цIыкIуфэкIутэкъым

Мы тхыгъэр зытеухуа Щауэ Данил Хьуд и къуэр ящыщщ гъащIэ купщIафIэ къэзыгъэщIахэм, щалъхуа и лъахэм псэуху1э Iуэхуфl хуэзылэжьахэм.

ЯПЭ дунейпсо зауэм Урысейм и лъэныкъуэкIэ хэтащ ди щIыналъэм щызэхашауэ щыта Къэбэрдей шу полкри. А дзэм щIалэщIэу хагъэхьат Кушмэзыкъуей къуажэм (Бахъсэн къалэм щыщ хъужа Старэ Крепость) дэса Щауэ Хьуд и къуэхэу Хьэбалэрэ Данилрэ. Дэфтэрхэм къызэрыхэщыжымкIэ, ахэр ящыщщ, хахуагъэ къагъэлъагъуэу, империалист (кайзер) Германием и зауэлIхэм ерыщу япэщIэтахэм.

Зауэр здекIуэкIым, ди адыгэ шухэр Галицие щIыналъэм къыщыщIидзат. Абдежым лъэныкъуитIым щызэхаубла зэпэщIэувэныгъэ гуащIэм псэемыблэжу зэрыхэтам, лIыгъэшхуи зэрыщызэрахьам папщIэ, зэкъуэшитIым къыхуагъэфэщат Георгий Щихъым и орденым и IV нагъыщэр.

Щалъхуа я лъахэм къагъэзэжа нэужьи, Хьэбалэрэ Данилрэ, лIыгъэжьыр зэрахьэу, яхэтащ Урысейм къыщыхъея Октябрь революцэ инымрэ абы къыкIэлъыкIуа Граждан зауэмрэ я хуэмэбжьымэу Къэбэрдейм щекIуэкIахэми (1917 - 20 гъэхэм).

Ауэрэ, Граждан зауэри иухащ. Щалъхуа жылэжьым къекIуэлIэжа Хьэбалэрэ Данилрэ, щхьэх жыхуаIэр ямыщIэу, жыджэрагъи къагъэлъагъуэу, яхэтащ ди щIыналъэм социализмэр щыухуэным ерыщу яужь ихьахэм.

Ди тхыгъэр нэхъ зытедухуа Данил щхьэгъусэ хуэхъуауэ щытащ а къуажэм дэса ЛIыгъурхэ япхъу Дзадзу. А тIум къуищ яIащ: Мухьэмэд – 1928 гъэм, Хьэдис – 1932 гъэм, Iэхьед – 1936 гъэм къалъхуащ.

Данил Къэбэрдей-Балъкъэрым гъащIэщIэ щыухуэным, щызэфIэгъэувэным хуэгъэпса и гуащIэдэкI лэжьыгъэр 20 гъэхэм щIидзащ. Механизаторхэр щагъэхьэзыру а лъэхъэнэм Кушмэзыкъуей (Старэ Крепость) дэта еджапIэр 1928 гъэм къиуха нэужь, зыхэт колхозым трактористу, абы къыкIэлъыкIуэу комбайнёру илъэс зыбжанэкIэ ар щолажьэ. А IэнатIэм къыщигъэлъэгъуа зэфIэкIым, хьэрхуэрагъэм къыпэкIуэу, Щауэ Данил къыфIащат СССР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и цIэкIэ ягъэува «МТС-м и комбайнёр нэхъыфI» цIэ лъапIэр, а Iуэхум щыхьэт те-

● ТекIуэныгъэ – 80

хъуэ нагъыщи къыIэщIалъхьат.

Ауэрэ, зи Iэзагъэм зэпымыууэ хэзыгъахъуэ щIалэр механизатор цIэрыIуэ районым и мызакъуэу, республикэ псом щыхъуащ. Зэман дэкIри, Щауэ Данил Кавказ Ищхъэрэм нэхъ щыпашэ лэжьакIуэфIхэм халъытэ хъуащ.

Хэку зауэшхуэр къыщыхъейм, Данил кърататщ фронтым зэрамыгъакIуэм щыхьэт техъуэ бронь. Абы къыщыгъэлъэгъуат а лIым тылыр зэрыхуэныкъуэр. Данил и пщэ къыдалъхьат фронтым Iутхэри, зи къару илъыгъуэхэр зыщхьэщаша мыдрей гуащIэрыпсэухэри гъавэкIэ къызэгъэпэщын къалэн мытыншыр. ИпэжыпIэкIэ, зэрытщIэщи, а лъэхъэнэм ари Iуэху цIыкIуфэкIуу щытакъым.

Къипсэуа илъэс 84-м къриубыдэу (1981 гъэм накъыгъэм и 15-м ар дунейм ехыжащ), Щауэ Данил Хьуд и къуэр, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу къедбжэкIынщи, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату хахащ, абы ГуащIэдэкIым и Бэракъ Плъыжь орденыр 1952 гъэм, Лениным и цIэкIэ ягъэува орденыр 1957-м кърататщ. Данил ящыщщ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩIыхь тхылъ зыхуагъэфэщахэми. Ар 1996 гъэм ягъэкIуат СССР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и гъэлъэгъуэныгъэм. Абы щыгъуэ Данил кърататщ «ВДНХ-м и дыщэ медаль цIыкIу» тыгъэ лъапIэр. Абы дэщIыгъуащ «Ди къэралым социализмэр щыухуэным хуэгъэпса и лэжьыгъэм папщIэ» псалъэ гуапэхэр зэрыт тхылъ цIыкIури.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● УФСБ-м къет

Илъэсийрэ мазихрэ тралъхьэ

НаркотикхэкIхэр хабзэншагъэкIэ игъэкIыным пэщIэт Iуэхухэр Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм ирагъэкIуэкIыу къыщIагъэщащ Налшык къалэм щыпсэу, илъэс 46-рэ зи ныбжь Тхьэлыджокъуэ А. Б. зэрихьэ щIэпхъаджагъэр.

Ар пыщIащ республикэм и щIыналъэм наркотикхэкIхэр къишэным. Абы къытрахащ «метилэфедрон» наркотикхэкI килограмм 0,7-м щIигъу.

КъБР-м и Шэджэм район судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ Тхьэлыджокъуэ А. Б. къуаншэу, УФ-м и УК-м и 30-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, 228.1 статьям и 5-нэ Iыхьэм, 228.1 статьям и 4-нэ Iыхьэм и «г» пунктым къыщыхьа щIэпхъаджагъэхэр илэжьауэ къалъытащ. Абы илъэси 8-рэ мази 6-рэ тралъхьащи, тезырыр ткIийуэ щрахьэкI колонием щигъэкIуэнущ.

● ЩIыпIэцIэ

Бгыхэм я кум ит Агуий

Агуий – аращ зэреджэр хы ФIыцIэ Iуфэм Iут ТIуапсы къалэм и гъунэгъуу щыс шапсыгъ къуажэмрэ абы и бгъум блэж псымрэ. А цIэ дыдэр зэрехьэ метр 888-рэ и лъагагъыу а жылэм къыщхьэщыт мэзылъэ Iуащхьэми. «Агуий гъуэгукIэ» еджэрт Псыбэ, Агуий адыгэ жылэхэр зэпызыщIэу щыта лъагъуэми. А щIыпIэм щыпсэухэм ди нобэми къагъэсэбэп «Агуияшъхь» («Агуий и псыхъуащхьэ») псалъэри.

«АГУИЙ» фIэщыгъэр къызытехъукIам теухуауэ Iуэху еплъыкIэ зыбжанэ щыIэщ. Языныкъуэхэм къызэралъытэмкIэ, ар цIыхум хужаIэ «гуей», «гуий» псалъэхэм къытепщIыкIащ. Шапсыгъхэм яхэтщ абыхэм «хахуэ», «гушхуэ зыкIуэцIылъ», «лIыгъэ зыхэлъ», «щхьэмыгъазэ», «шынэ зымыщIэ» мыхьэнэхэр къизыгъэкIхэри. НэгъуэщIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, мы фIэщыгъэр къуажэр бгы зэхуакум дэубыда хуэдэу зэрыщытым къытехъукIащ. Бгыхэм я кум ит: «гу», «а гуий».

Мыдрейхэм зэрагъэувымкIэ, щIыпIэцIэр «aIуей» (хьэIуей, розалия) къэкIыгъэм зэреджэм къытепщIыкIащ.

Агуий къуажэм и хьэблэхэм ящыщ зым зэреджэр «Сусанэ лъэгущ». Зэман блэкIахэм абдежым мэкъу щеуэ хъун хуей инышхуэ итыгъащ.

XIX лIэщIыгъуэм Швейцарием щыпсэуа франджыхэм ящыщ, зекIуэлI икIи геологтхакIуэ Дюбуа-де-Монпере 1833 - 43 гъэхэм къриубыдэу Кавказым зыбжанэрэ зыщиплъыхьат. И зекIуэхэм триухуа и тхылъым ирихта «Aughuie» псалъэр абы ТIуапсы и гъунэгъуу хым хэлъэдэж псым ирипхырт, икIи ар («Агуий» фIэщыгъэр) XVIII лIэщIыгъуэм и кIэхэм зи лъэужьыр кIуэдыжыпауэ къафIэщIу иужьым къэунэхужа гъуае адыгэ лъэпкъым и цIэм къытехъукIауэ къилъытэрт.

Къыхэдгъэщ зэрыхъунумкIи, 1864 гъэр къихьэху, ПсыфIыпэрэ (Псезуапсе) Шахэрэ я зэхуаку дэлъ Iэхэлъахэм щыпсэуа шапсыгъхэм яхэтащ «гъуае» фIэщыгъэм къафIытена лIакъуэм щыщхэри.

Мыдрейуэ. XIX лIэщIыгъуэм псэуа адыгэ тхакIуэ икIи тхыдэдж цIэрыIуэ Хъан-Джэрий «Агуий» фIэщыгъэр нэхъ зыхуигъакIуэр «Акуе» жыIэкIэрт, кърикъэкIыу щытауэ языныкъуэхэм зыхуагъэфащэри «хыIуфэрыс» егупсысыкIэм техуэу абхъазыбзэм къыхэна «агъауаа» псалъэрщ.

Агуий цIэр зытеIукIа псы цIыкIур хы ФIыцIэм щыхэлъэдэж и нэзыр ТIуапсы къалэм километри 8-кIэ пыIудзащ.

ХЬЭТЫКЪУЭ ЩауапцIэ.

Захуагъэм зыкъыщиIэтыжкIэ

Дуней лъагъуэхэр апхуэдизкIэ лъэныкъуэ куэдкIэ зэкIэщIокIри, цIыхур дэнэкIэ иришэжьэнуми, дэнэ щIыпIэ нишэсынуми, дапхуэдэ щIыкIэкIэ кърищэлIэжынуми зыщIэ щыIэкъым. Зи щIалэгъуэ дапщэ гъуэгу теувэр, къапэплъэр ямыщIэу, ауэ гугъэрэ хъуапсэу пщэдейрей махуэхэм ирапхми гъунэ имыIэу?..

ЗЫ ИЛЪЭС тIощIырыпщIым нызэрыхьэсами арагъэнущ зы хьэдагъэр ямыухыу адрейр къызыщIэзэрыхьа адыгэ нанэхэмрэ дадэхэмрэ зэрытхэмытыжрэ. Пащтыхьыгъуэм и къутэжыгъуэм ирихьэлIэу къэралыр яхъумэн папщIэ лъэпкъыбэр зэхэзехуэн зыщIа Япэ дунейпсо зауэр къэхъеящ, зи къэшэгъуэ дахэхэр пкъыкIи псэкIи ныкъуэдыкъуэ ищIу, зи дэкIуэгъуэ къабзэхэр яфIэкIуэда щIасэхэм ятригъэпыхьэу.

Я нэгу щIэкIа гузэвгъуэхэр иджыри псэм хэвыкIыжагъэнтэкъым ЕтIуанэ дунейпсо зауэр къыщежьам. Зэрыжылэу бийм пэщIэуват, мамырыгъэмрэ цIыхугъэмрэ яхъумэу. Зауэм и кIэр хьэдагъэщ, жыхуиIэращ. ЗауитIми цIыхухэм яфIигъэкIуэдар къыпхуэмылъытэну инщ. Дунейм ехыжыхукIэ адыгэ нэхъыжьыфIхэм ягу ихуакъым япэ ищахэр, абыхэм я гугъу ящIу, я цIэр щIэблэм ирагъащIэу, я фэеплъым хуагъэсакъыу къекIуэкIащ.

Зи ныбжь хэкIуэта цIыхубзхэр тIысамэ, я гукъэкIыж хъыбархэр зэрыщыту зытеухуар Герман зауэжьым дагъэкIахэмрэ Хэку зауэшхуэм къимыкIыжахэмрэт. Зи щIалэгъуэхэм я гъащIэр Iэ щIыIэкIэ зэIызыщIа зауэхэм мащIэ гугъи ягъэужьыхакъым – апхуэдэ уэршэрхэр зэныбжь-зэфэгъухэм губампIэдэх яхуэхъурт, къимыгъэзэжыну блэкIа гъащIэм щытепсэлъыхьыжкIэ, ныбжьыщIэгъуэм и акъужьыр щIэрыщIэу къахукъуэужырт. СарихьэлIащ Герман зауэжьым хэкIуэда щIалэхэм я фызабэхэмрэ шыпхъухэмрэ. ЩIыпIэ жыжьэ ущыIарэ укъекIуэлIэжамэ е дэфтэр хъумапIэхэм ущIэсарэ узыIууам и гугъу пщIыжмэ, я гур къызэфIэнэн хьэзыру а нанэхэр я цIыхухъухэм щIэупщIэрт, зауэжьым хэтащ, я лъэужь урихьэлIауэ пIэрэ, жаIэу... «Сотнэм я бэракъ мыгъуэри жыбгъэм зэрехьэ, а зы Алыхь та-

лэм дэ дызэхуихьыж мыгъуэ», – жаIэу Iэджэ уэрэди яусакъым зи бын, зи щхьэгъусэ, зи анэкъилъху зауэ губгъуэм къинахэм. Зауэжьым и иужьрей фочышэр зэрикIрэ илъэс пщIы бжыгъэхэр дэкIыжами, я гущхьэм къытридза уIэгъэр кIыжатэкъым, гъащIэми далэу къызэридзэкIыр къэувыIами ярейт...

Гупсысэ къуэпсым лъэныкъуэ куэдкIэ зрагъэдзащ, димыIэж нэхъыжьхэм я нэпсхэр зэуэ нэгум къыщIигъэувэжащ Налшык къалэ дэт, Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ къыщыдэкIа тхылъыщIэм. «Урысейм щхьэкIэ зэуащ: Къэбэрдей шуудзэм хэта адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ. 1914 – 1917 гъэхэр» – аращ зэреджэр Япэ дунейпсо зауэм хэта щIалэхэм я цIэхэр къэзыгъэщIэрэщIэж, дэтхэнэми и гъащIэ гъуэгуанэр зэфIэзыгъэувэж къэхутэныгъэм. Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я цIэхэр щызэхуэхьэсыжа «Фэеплъ тхылъхэм» зыкъомкIэ ещхьщ мы къыдэкIыгъуэр, уеблэмэ я мыхьэнэкIи зэхуэдэу гъэувыпхъэщ. Мыпхуэдэ лэжьыгъэт нэхъыжьхэр зыпэплъар, зи хъыбар кIапэ къалъыхъуэ щIалэхэм я щхьэ кърикIуам и пэжыпIэр щызэкIэлъыхьауэ, къыщамыгъэзэжынуми, лъэужьыншэ зэрымыхъуам и щыхьэт хъууэ.

Тхылъыр зи Iэдакъэ къыщIэкIар тхыдэдж цIэрыIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь Опрышкэ Олегщ. Илъэс пщIы бжыгъэ зыбжанэ хъуауэ ар ерыщу иужь итщ ди щIыналъэм и тхыдэм щыщ Iуэхугъуэхэр къэтIэщIыжыным. Сыт хуэдэ и лэжьыгъэ дунейм къытехьэми, тхыдэ къэхугъэу зэфIигъэувэжым, цIэрэ унагъуэцIэу къиIэтыжым я бжыгъэр бгъэщIэгъуэн бухыркъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым и дэфтэр хъумапIэхэм зы тхылъ щIэлъу къыщIэкIынкъым ар зэмыIуса, щыгъуазэ зыхуэмыхъуа. Апхуэдэу Опрышкэ и фIыгъэкIэ адыгэпщ Бэчмырзэхэрэ Идархэрэ я тхыдэм щыщ Iуэхугъуэ зыбжанэ, Граждан зауэмрэ Дунейпсо зауитIымрэ ехьэлIа

къэхутэныгъэ куэд щIэныгъэ утыкум къихьэжа хъуащ. Ар ящыщщ Къэбэрдей реальнэ училищэм и тхыдэр зытхыжахэм, 1942 – 1943 гъэхэм ди щIыналъэм зауэр зэрыщекIуэкIам и махуэгъэпсыр зэхэзылъхьахэм. ЛIэщIыгъуэбэхэм пхыкIын икIи щызэIэпахын лэжьыгъэшхуэ хуилэжьащ Опрышкэ Олег ди лъэпкъым – иджыблагъэ дунейм къытехьа тхылъыщIэри ящыщщ абы фIыщIэ щIыхуэпщIын хуей щхьэусыгъуэхэм.

Махуэ 1568-кIэ екIуэкIа Япэ дунейпсо зауэр нэхъапэкIэ дунейпсо тхыдэм къыщымыхъуауэ зауэшхуэт. Ар лъэхъэнэхэм я зэблэкIыпIэ, щыIэныгъэм и зы къэгъэшыпIэ хъуащ. Ди къэралым щыпсэу лъэпкъ куэдым зауэр хуабжьу зыхащIащ, щIызэкъуэувэн, зэгъусэу бийм щIыпэувын щхьэусыгъуи яхуэхъуащ. Абы и щыхьэт наIуэт 1914 гъэм шыщхьэуIум и 23-м къызэрагъэпэща Кавказ шуудзэр, нэхъыбэм Дзэ Iэл фIэщыгъэмкIэ яцIыху гуп зэгъэпэщар. Абы и дзэпщу хахат Пащтыхь Николай ЕтIуанэм и къуэш нэхъыщIэ Михаил.

Кавказ шуудзэр дзэпакIищу зэхэтт: япэм Къэбэрдей шуудзэмрэ Дагъыстэн шуудзэмрэ, етIуанэм Тэтэр шуудзэмрэ Шэшэн шуудзэмрэ, ещанэм Шэрджэс шуудзэмрэ Ингуш шуудзэмрэ хыхьэрт. Язэхэзми ущIэгушхуэ хъун лIыхъужьыгъэ къалъыкъуэкIащ, Хэкум къизэрыхьа бийм пэщIэтын папщIэ зи псэ еблэжаи къахэкIакъым. Ауэ зыми хуэдэжтэкъым Къэбэрдей шуудзэр. Зауэ хабзэ телъыджэ куэд къызыдэгъуэгурыкIуэ лъэпкъым и лъым хэтым хуэдэт зэуапIэм ихьамэ, шыщхьэмыгъазэрэ шынэ жыхуаIэр имыщIэу бийм пэщIэувэныр. Ауэ сытми жиIатэкъым пащтыхьыкъуэ Михаил Къэбэрдей шуудзэм хэтхэм щхьэкIэ: губгъуэм илъэда адыгэ шур зэщхьыр вагъуэижырщ: и ежьи, и нэси, и сэшхуэ къихыгъуи напIэзыпIэщ – къэхъуар къыгурымыIуэу биидзэр зэкIэлъопсыхэ...

Къапщтэмэ, Герман зауэжькIэ адыгэхэр зэджа зауэм зи щхьэ хэзылъхьахэмрэ псэууэ къикIыжахэмрэ я пащхьэ ущызыухеиж лэжьыгъэщ Опрышкэ Олег ди пащхьэ кърилъхьэр. ЛIэщIыгъуэм щIигъукIэ Дзэ Iэлыр зэрыщыIам, и гугъу мащIэр щIыналъэ тхыдэр зэрадж тхылъхэм къызэрыщыкIуэм къищынэмыщIауэ, абы хэтахэм я цIэунэцIэм зэхэхауэ дыщыгъуэзакъым. Абы зи цIыху хэта зырызхэм ящIэжми, IуэрыIуатэу кърахьэкI хъыбарти, тегъэщIапIэшхуи ямыщIу, ирагъэкIуэкI къэхутэныгъэхэм къызэрыщыхалъхьи щымыIэурэ екIуэкIащ. Япэ дунейпсо зауэм и гугъур щIэужьыхам щхьэусыгъуэ зыбжанэ иIэщ. Япэрауэ, къэхъея Граждан зауэм Кавказ шуудзэм хэтахэр зэкIэщIичри, плъыжьрэ хужьу игуэшащ. ЕтIуанэрауэ, къэунэхуа къэралыщIэм и идеологием а зауэм увыпIэ зыщIыпIэ дежи щигъуэтыртэкъыми, гулъытэ зыри хуищIакъым, ар къэгъэнауэ, тепсэлъыхьуи теткхыхьуи идакъым. Арыххэуи, къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм Герман зауэжьри Кавказ шуудзэри къыщыпIэт мыхъуу щытащ.

Апхуэдэ щыуагъэр зэзыгъэзэхуэжыну пщэрылъ зыщызыщIыжахэм ящыщщ Опрышкэ Олег. Архив гъэтIылъыгъэхэм хэлъ дэфтэрхэр зэригъэдзэкIым, тхыгъэхэр щIипщытыкIыурэ абы лэжьыгъэ къупынщыпын иригъэкIуэкIащ. Арыхэуи адыгэхэми балъкъэрхэми ящыщу Кавказ шуудзэм хэта шууей 520-м щыщу 500-м я цIэ-унэцIэр, дзэм щаIа къалэныр, къыхуагъэфэща дамыгъэхэр, къакIуа гъащIэ гъуэгуанэр зэфIигъэувэжащ.

Тхылъыр Япэ дунейпсо зауэм хэтахэм я шыфэлIыфэр зэфIэзыгъэувэж зэужь къуэдейкъым. Ар нэгъэсауэ щIэнгъуазэщ, сыту жыпIэмэ ди лъэпкъ тхыдэм щыщу дымыщIэ Iуэхугъуэ куэд дыдэ щIэрыщIэу къеIэтыж, щIэблэми ящIэн хуейуэ иджыри къэс зыхунэмысам гуащIафIэу и Iыхьэ хелъхьэ.

Тхылъым ихуащ тхыгъэ 500-м щIигъу. Ахэр зытеухуа шууейхэм я цIэ-унэцIэр хьэрфкIэ зэкIэлъыгъэкIуащ, дэтхэнэми и гугъур наIуэу къызыхэщыжа дэфтэрхэм архивым щагъуэта гъэтIылъыпIэр щIыгъущ, къыщалъхуа щIыпIэр, щыпсэуар, дунейм щехыжар Iэмал зэриIэкIэ тхыгъэхэм къыщыгъэлъэгъуащ, я щхьэ кърикIуари – Хэкум икIыжами, Сыбырым ягъэкIуами, яукIами – щызэхэгъэкIащ. Абы къищынэмыщIауэ, Кавказ шуудзэм хэта куэдым я сурэтхэри тхылъым ихуащ.

Тхылъыр щхьэпэ зыхуэхъунур Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ я тхыдэр зыдж щIэныгъэрылажьэхэм я закъуэкъым. Ар куэдкIэ дэIэпыкъуэгъу яхуэхъунущ лъэпкъхэм я къекIуэкIыкIар зэфIэзыгъэувэжхэм, лIакъуэ жыгхэр зыщIхэм, лъахэхутэхэм, щIыналъэм и блэкIар зыфIэгъэщIэгъуэн псоми. Унагъуэ къэс илъын хуейуэ къэтлъытэ тхылъыр мащIэ дыдэущ дунейм къызэрытехьар – псори зэгъусэу 500 хъууэ аращ. Адыгэхэм ди бжыгъэр къэплъытэмэ, ар къызэрымыкIуэу мащIэщ, ауэ ари щхьэпэщ лъэпкъ щIэныгъэм лъагъуэщIэхэр пхишын щхьэкIэ.

НэхъыжьыфIым адыгэхэми балъкъэрхэми Iуэхутхьэбзэшхуэ яхуищIащ. ЩIагъуэу джа мыхъуа Iуэхум и гъунэ ирилъам къыщымыувыIэу, къэралышхуэм щхьэкIэ зи псэ емыблэжу Iэщэ къэзыщта дэтхэнэми и фIыщIэр къыщIегъэщыж, апхуэдэ щIыкIэкIи захуагъэр зэфIегъэувэж. ЦIыхур захуэм и телъхьэу щытыхущ и цIыхугъэм зыщиужьри, мы тхылъым и дуней къытехьэр апхуэдэ зыужьыныгъэ зэрыхъунум зы шэч хэлъкъым.

Тхыгъэри сурэтри **ШУРДЫМ Динэ** *ейщ.*

Дунейм щыхъыбархэр

Гулъытэ зыхуащIыпхъэр

Великобританием и премьер-министр Стармер Кир «The New York Times» газетым ирита интервьюм къыщыхигъэщащ Европэм лъэхъэнэ хьэлъэхэр къызэрыпэплъэр, абы къыхэкIыуи хыхьэ къэралхэм зыхъумэжыныгъэм трагъэкIуадэ мылъкур нэхъыбэ зэращIыпхъэр.

«Сэ зыри згъэгузэвэну сыхуейкъым, ауэ къекIуэкIым тепщIыхьмэ, Европэр ифIэщу егупсысын хуейщ и зыхъумэжыныгъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ къызэрызеригъэпэщынум», - жиIащ абы.

НэхъапэкIэ Стармер Кир къигъэлъэгъуауэ щытащ 2027 гъэм ирихьэлIэу Великобританием дзэ Iуэхухэм тригъэкIуадэ мылъкур проценти 2,5-кIэ нэхъыбэ зэрищIынур. КъищынэмыщIауэ, премьер-министрым и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, 2027 гъэм щегъэжьауэ пащтыхьыгъуэм кIэригъэхунущ нэгъуэщI къэралхэм зэрадэIэпыкъум. ЩIыналъэм къыщалэжь мылъкум и процент 0,5-р а Iуэхум хухахыу щытамэ, иджы ар процент 0,3-кIэ ягъэмэщIэнущ.

Зэраныгъэр нэхъыбэщ

Санкт-Петербург къыщыхалъхьащ адэ-анэхэм я кIэлъыплъыныгъэ программэр зытемыт телефонхэр сабийхэм къагъэсэбэпыну хуит ямыщIыну. Абы и IуэхукIэ, щIыпIэм и хабзэубзыху IэнатIэм и депутат Рябоконь Андрей ныбжьыщIэхэр хъыбар мыщхьэпэхэм щыхъумэнымкIэ щыIэ унафэм зэхъуэкIыныгъэхэр хилъхьащ.

Абы къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, балигъхэм ткIийуэ къалэн щащIынущ сабийхэм адэ-анэм я кIэлъыплъыныгъэ программэр зытемыт телефоныр кърамыгъэгъэсэбэпыну. Апхуэдэу телефонхэр къыщащэхукIэ а программэр пщIэншэу зэрытрагъэтхэну Iэмалхэр къыхалъхьэнущ.

«Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ кIэлъыплъыныгъэ гуэрми щIэмыту гаджетхэр къызэрагъэсэбэпым мыхъумыщIагъэ куэд къешэ: адэ-анэм хуаIэ пыщIэныгъэр куэдкIэ нэхъ мащIэ мэхъу, я еджэным и зэран йокI, балигъыпIэ имыувахэр гъащIэм хэзэгъэнымкIэ гугъуехь зэхуэмыдэхэр къешэ, ахэр тэмакъкIэщI, губжьрей ещI. КъищынэмыщIауэ, зэман куэдкIэ ар къызэрагъэсэбэпым сабийхэм я нэхэр зэIегъэхьэ, я псантхуэри зэщхьэщеху», - жиIащ депутатым.

Гъатхэпэм и 25, *гъубж*

♦ЦIыхур гъэпщылIынымрэ щхьэхуимытхэмкIэ сату щIынымрэ я лей зытехьахэм я дунейпсо махуэщ

♦ООН-м и лэжьакIуэхэу гъэру яIыгъхэм, хъыбарыншэу кIуэдахэм къащхьэщыжыным и дунейпсо махуэщ

♦Спорт кином и дунейпсо махуэщ

♦Урысей Федерацэм щагъэлъапIэ Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я махуэр

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 14, жэщым градуси 4 - 6 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 26, *бэрэжьей*

♦Къэмэх узыфэр зыпкърытхэм я махуэщ

♦1898 гъэм къалъхуащ кавказыбзэхэр зыджа щIэныгъэлI, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Куржым щIэныгъэхэмкIэ и академием и академикыу щыта, Абхъазым, КъБР-м, Шэшэным, Ингушым, Дагъыстэным щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Куржым и къэрал саугъэтым и лауреат **Чикобавэ Арнольд**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 14, жэщым градуси 7 - 9 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

АкъылыфIэм делэми бзэ къыхуегъуэт.

Ислъамым и нур

ПIанэпэр зыгъэхьэзырар **ХЬЭТАУ Ислъамщ**

● Хьэдисхэр

Хэт дыхьэшхыу гуэныхь ищIэми...

●Хэт дыхьэшхыу гуэныхь ищIэми, гъыуэ жыхьэнэмэм кIуэнущ. ЦIыхур фIэгуэныхь хъууэ гъыуэ фIы зыщIар гуфIэу жэнэтым къыщыхутэнущ.

●Фи къару илъыхукIэ фи къару фыщымыгугъыу, фыщыгугъ Алыхьым, фщIэ абы жиIэр. ЩIалэу дунейм куэд ехыжри жьы хъуар къэнащ.

●Iэдэм и бынхэ! Хьэлъэ фтелъыр нэхъ псынщIэхукIэ нэхъыфIщ - фи мылъкур нэхъ мащIэхукIэ си деж щыфхьыну жэуапыр нэхъ тынш фщыхъунщ.

●Зы Iэгу тез щIы жэнэтым къикIауэ ЩIы хъурейм къытехьамэ Дуней псор щIэрэщIэнут, апхуэдиз сабэ жыхъэнэмэм къикIамэ щIыр исыжынут.

Алыхьыр къызэрытхуэупса мазэр йокI

Алыхьышхуэм и пщылIхэм къыдбгъэдилъхьа фIыгъуэ инхэм ящыщ Рэмэдан мазэ лъапIэу, лъэIур къабыл щыхъур и кIэмноблагъэ. Мы гъэм нэщIикIыж хьидыр гъатхэпэм и 30-м техуэну хуагъэфащэ. Абы ипэ къохуэ дгъэзэщIэн хуей къалэн зыбжанэм нобэ фыщыдгъэгъуэзэнщ.

Къэдэр жэщ

ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, Къэдэр жэщыр мы гъэм тохуэ гъатхэпэм и 26-мрэ 27-мрэ щызэблэкIым. АрщхьэкIэ жэщ къэс Къэдэр жэщра уфIэщIу улъаIуэмэ, абы ущигъэуэнукъым.

КъурIэным сурэ псо итщ абы и мыхьэнэм щыхьэт техъуэу. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Алыхьым зэпкърыхауэ ди пащхьэм кърелъхьэ Къэдэр жэщымкIэ къызэрытхуэупсар, ар мазэ мин нэхърэ зэрынэхъ лъапIэр. Абы щыгъуэращ Джэбрэ-Iил мелыIычми, адрей мелыIычхэми Алыхьым и сэламыр къыщытхуахьыр, дэр папщIэ ДыкъэзыгъэщIам щелъэIур.

Къэдэр жэщыр гъащIэ зэхэгъэкIыпIэщ. Алыхьым дыкъызэрилъагъумкIэ, дызэрызэхихымкIэ Iиман иIэу а жэщ лъапIэм Тхьэм елъэIум и духьэр къабыл зэрыхъунум шэч лъэпкъ хэлъкъым. Абы щыхьэт тохъуэ хьэдис зыбжанэ. Къапщтэмэ, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуа Мухьэммэд бегъымбарым жиIащ: «КъызэрыдэIэпыкъунумкIэ шэч къытримыхьэу Тхьэм елъэIуу Къэдэр жэщыр зыгъакIуэм, ипэкIэ илэжьа гуэныхьхэр къыхуэгъунущ».

Бытыр

Зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым, нэщIыр къабыл хъун папщIэ Iэмал имыIэу Рэмэдан мазэр имыух щIыкIэ бытыр тын зэрыхуейр. Мы гъэм ар цIыху къэс хуэзэу тумэни 10 мэхъу.

Бытырыр умытынкIэ Iэмал зимыIэ Iуэхугъуэщ. Ар Алыхьым къалэн тщищIащ муслъымэн псоми. Бытырыр умытмэ, мазэ псом къэбнэщIам мыхьэнэ иIэкъым.

Мухьэммэд бегъымбарым жиIауэ хьэдисым къыщокIуэ: «Рэмэдан мазэм къэвнэщIар уафэхэмрэ щIылъэмрэ я зэхуакум дэтынущ бытырыр фтыху. Ар щыфтам дежщ фи нэщIыр Алыхьым и пащхьэм щынэсынур». Бытырыращ ди нэщIыр къабыл хъунуми мыхъунуми зэлъытар. Абы мыхьэнэшхуэ иIэщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, нэмэзым щыуагъэ гуэр хэтщIыхьмэ, ар зэрыдгъэзэкIуэжыр сэджджэ рэкхьэтыращ. НэщIым хэтщIыхь щыуагъэр зэзыгъэзэхуэжыр бытырыращ.

Бытырыр итыну къытохуэ дэтхэнэ зы муслъымэнми, абы и щхьэ, и унагъуэ зыхуей зэрыхуигъэзэн мылъку (зы жэщ-зы махуэм къриубыдэу) иIэмэ. ЦIыхур щыпсэу щIыпIэращ бытырыр щитын хуейр. ЯзыныкъуэхэрIхамэ къуажэхэм кIуэурэ абы щат, ауэ диным къытхуигъэув мардэм тету длэжьынумэ, дыщыпсэу щIыпIэм ис зыхуэзэфIэмыкIхэращ зэтыпхъэр. Ди жылэм апхуэдэ дэмысмэ, мис итIанэщ нэгъуэщI щIыпIэхэм щытт хъунур. Ар птыну зэманкIэ нэхъыфI дыдэу ибжыр хьид нэмэзым и пэ къихуэущ, ауэ Рэмэдан мазэм щыщу дэтхэнэ махуэхэми хъунущ. Хьид нэмэзым иужькIэ бытырыр птыну фIыкъым, ауэ хьэрэмкъым (IэмалыншагъэгуэркIэ фхуэмыту зэпыуамэ, хьид нэмэзым иужькIи ят хъунущ).

Хьид нэмэз

Хьид нэмэзыр щащIыр нэщIикIыжымрэ къурмэнымрэ ехьэлIа махуэшхуэхэрщ. Ар фарзкъым, ауэ бгъэзэщIэн хуей суннэтщ. Алыхьым и нэфIыр зыщыхуа Мухьэммэд бегъымбарым зэи блигъэкIыу щытакъым а нэмэз лъапIэр. Дэри, Iэмал зэриIэкIэ, абы дытетын хуейщ. Ар мэжджытым щыпщIыныр суннэтщ, ауэ унэми хъунущ. Хьид нэмэзыр щащI зэманыр дыгъэр къыщыщIэкIым щыщIэдзауэ шэджагъуэ хъухущ. Ар рэкхьэтитI мэхъу.

Хьэдисым къыщокIуэ: «Хьид нэмэзыр щызэфIэкIам деж ар зыщIахэм яхэт мелыIычхэм ящыщ зым жеIэ: «ЯрещIэ псоми, Алыхьым гущIэгъу къыфхуищIу фи гуэныхьхэр къызэрыфхуигъэгъуар. ФекIуэлIэж фи унэхэм фыгуфIэу. Влэжьам къыпэкIуэ фIыгъуэр щыфхуатх махуэ лъапIэщ нобэ».

Хьид нэмэзыр щащIыр шэуулал мазэм и япэ махуэращ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, мы гъэм ар тохуэ гъатхэпэм и 30-м. Абы иужькIэ Iыхьлы, благъэ, ныбжьэгъу, гъунэгъухэм якIэлъыкIуэныр, гулъытэ яхуэщIыныр суннэтщ. Хьидыр дуней псом муслъымэну тетым я зэхуэдэ махуэшхуэ лъапIэщ.

Рэмэданым иужькIэ къакIуэ шэуулал мазэм щыщу махуих зэкIэлъхьэужьу нэщIыныр псапэшхуэ зыпылъ суннэтщ. Махуих хэчыхьаурэ унэщIми хъунущ.

ЛIыкIуэ лъапIэм жиIащ: «Рэмэданым нэщI исхэу, иужькIэ шэуулал мазэм щыщу махуих къэзынэщIыжхэм я псапэр илъэс псом нэщIам ейм хуэдиз мэхъу». Щхьэусыгъуэ гуэркIэ нэщI мазэм хэшхахэм, псалъэм и хьэтыркIэ, сымаджэу е гъуэгуанэ кIыхь тету, благъэкIа махуэхэр щапшыныжым деж, ахэр шэуулал мазэм трагъахуэмэ, ятелъ нэщI щIыхуэри япшыныжауэ, суннэт махуихри къанэщIауэ мэхъу. Ари Алыхьым къытхуищI гущIэгъухэм ящыщщ.

Башкирием и артистхэр ди хьэщIэщ

Музыкэ къэрал театрым иджыблагъэ ди журналистхэр щаIущIащ Башкортостан Республикэм къикIа артистхэм.

ПРЕСС-КОНФЕРЕНЦЫМ хэтащ Юмагулов Ильшат и цIэр зезыхьэ Башкир драмэ театрым и художественнэ унафэщI, Башкортостан Республикэм и цIыхубэ артист Рахимов Илхьэм, Стерлитамак къэрал театр-концерт зэгухьэныгъэм и унафэщIым и къуэдзэ Гиззатов Радик, Башкортостаным щIыхь зиIэ и артистхэу Зубаиров Маратрэ Амекачевэ Резедэрэ.

Урыс къэрал драмэ театрым и унафэщI къалэнхэр зыгъэзащIэ, КъБР-м и цIыхубэ артист Балъкъэр Юрэ хьэщIэхэмрэ хэгъэрейхэмрэ зэригъэцIыхуа нэужь, жиIащ «Большие гастроли» зи фIэщыгъэ урысейпсо Iуэхум и фIыгъэкIэ башкир театрыр иджы япэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрыкIуар, мы зэдэлэжьэкIэр лъэпкъхэм я театр гъуазджэм ухэгъуэзэнымкIэ зэрыщхьэпэр.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ Уянаевэ Iэминатрэ КъБР-м и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Фырэ Майерэ хьэщIэхэм фIэхъус гуапэ ирахэ нэужь, къыхагъэщащ ирагъэжьа Iуэхум мыхьэнэшхуэ зэриIэр, Башкортостаным и театр гъуазджэр фIыуэ зэралъагъур, я лэжьыгъэщIэхэм зэпымыууэ зэрыпэплъэр, я спектаклхэм щIыпIэ куэдым щIэупщIэ щаIэну зэрахуэхъуапсэр, дяпэкIи зэкIэлъыкIуэну, Къэбэрдей-Балъкъэрым къытрагъэзэжу иджыри щыхьэщIэну, лъэпкъхэм я щэнхабзэ зэпыщIэныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ зрагъэубгъуну зэрыщыгугъыр.

Башкир драмэ театрым и художественнэ унафэщI, республикэм и цIыхубэ артист Рахимов Илхьэм къыщыпсалъэм къыхигъэщащ зи пашэ IуэхущIапIэр 2014 гъэм ирагъэжьа «Большие гастроли» къэрал Iуэху дахэм иджы етIуанэу зэрыхэтыр. Ар къытеувыIащ зи тхыдэр 1991 гъэм къыщежьэ Башкир драмэ театрым и IуэхущIафэхэм, жанр зэмылIэужьыгъуэхэр бзитIымкIэ зэрагъэлъагъуэм, я репертуарыр зэпымыууэ къызэрагъэщIэрэщIэжым, комедие, драмэ жанрхэм нэхъ щIэупщIэ зэраIэм, сабийхэм яхуэгъэза лэжьыгъэхэми гулъытэшхуэ зэрыхуащIым, Стерлитамак къалэм ЩэнхабзэмкIэ и колледжым я артистхэр зэрыщагъэхьэзырым, я труппэр зы унагъуэшхуэм хуэдэу зэрызэкъуэтым, щIыпIэ куэдым гукъинэжу гастроль зэрыщыIам, ехъулIэныгъэхэмрэ мурадхэмрэ зэракуэдым.

- Нэгъабэ Дагъыстэн Республикэм дыщыIащ, Мэхъэчкъалэрэ Дербентрэ щыпсэухэм едгъэлъэгъуащ «Кодаса», «Капкан для мнимых любовников», «Всеми забытый» спектаклищыр. Иджы Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэр гуапэу къызэрытIущIар, ди спектаклхэр гъэщIэгъуэн зэращыхъур гуапэщ! Мы щIыпIэм щыпсэухэм театрыр зэракIуапIэр зыхыбощIэ. Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм ди бзэр япэгъунэгъущи, фIыуэ дызэгуроIуэ! Лъэпкъ театрхэр ди лэжьыгъэмрэ IэзагъэмкIэ дызэрызэхъуажэр IэмалыфIщ зыдужьынымкIэ, зэныбжьэгъугъэр дгъэбыдэнымкIэ! - жиIащ Рахимовым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэщIэхэм я гуапэу къыхагъэщащ Налшыкрэ абы щыпсэу цIыхухэмрэ ягу зэрыдыхьар, ягъэлъагъуэ лэжьыгъэхэр сабийхэми балигъхэми щIэщыгъуэ зэращыхъур зэрагуапэр.

Балъкъэр Юрэ хьэщIэхэм фIыщIэ яхуищIащ икIи жиIащ «Большие гастроли» Iуэхум хыхьэу, Урыс драмэ театрым и артистхэм мэлыжьыхьым Башкортостаным спектаклитI яшэну зэрамурадыр.

Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым и утыкум мы махуэхэм Башкирием къикIа артистхэм мы махуэхэм щагъэлъэгъуащ Пушкин Александр и тхыгъэр и лъабжьэу Жуковский В. итха «Сказка о купце и его работнике балде» спектаклыр (Каримов Фанис игъэуващ), Кунафин Мунир и пьесэм къытращIыкIа «Керчь. История боевого коня» драмэр (Зарипов Айдар игъэуващ), Бикбай Баязит и «Кодаса» макъамэ гушыIэр (Зиганшин Азат игъэувар).

Урысей Федерацэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и урысейпсо гастроль-концерт планым, къэралым и щIыналъэ псоми щагъэзащIэм (абы хохьэ театрхэм я «Большие гастроли», цIыхубэ щэнхабзэ гупхэм «Мы - Россия» зыфIаща зекIуэхэр), ипкъ иткIэ, ар ирегъэкIуэкI «Росконцерт» федеральнэ къэрал щэнхабзэ IуэхущIапIэм.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Тхьэм пэгъунэгъу ухуэзыщI духьэ лъапIэхэр

«Духьэр» («Алыхьым зыхуэбгъазэу уелъэIун» къикIыу аращ) диным и щIэгъэкъуэнщи, муслъымэнагъ зыбгъэдэлъ цIыхур абы сыт хуэдэ щыуагъэми щихъумэнущ», - жиIащ Мухьэмэд бегъымбар лъапIэу Алыхьым и нэфIыр зыщыхуам. Сыт хуэдэ духьэри «Бисмиллахьир рахьманир рэхьим»-кIэ къыщIэдзэн хуейщ.

●Бисмиллахьир рахьманир рэхьим, уэIиза сэIэлэкэ гъибади гъэнни фэIинни къэрибун Iуджибу дэгъуэтэд дагъи Iиза дагъани фэлястэджибули уэл юIмину би лэхьэллэхьум яршудун. (КъурIэн, сурэ 2, Iэят 186).

●Бисмиллахьир рахьманир рэхьим, мэн хъэшияр рэхьманэ билгъэйби уэджаIэ бикъэлбин мунибин Iудхъулу хьа бисэламин заликэ яумул хъулуд лэхьум ма яшаIуунэ фихьа уэлэдэйна мэзидун. (КъурIэн, сурэ 50, Iэят 33 - 35).

● Фи лъэIукIэ

Мэлыжьыхьым и нэмэз щIыгъуэхэр

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыкъуэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, гъубж	04.16	05.46	12.20	15.54	18.37	20.17
2, бэрэжьей	04.14	05.44	12.19	15.54	18.37	20.17
3, махуэку	04.12	05.42	12.19	15.55	18.39	20.19
4, мэрем	04.10	05.40	12.19	15.55	18.40	20.20
5, щэбэт	04.08	05.38	12.18	15.56	18.41	20.21
6, тхьэмахуэ	04.07	05.37	12.18	15.56	18.43	20.23
7, блыщхьэ	04.05	05.35	12.18	15.56	18.44	20.24
8, гъубж	04.03	05.33	12.18	15.57	18.45	20.25
9, бэрэжьей	04.02	05.32	12.17	15.57	18.46	08.26
10, махуэку	04.00	05.30	12.17	15.58	18.47	20.27
11, мэрем	03.58	05.28	12.17	15.58	18.48	20.28
12, щэбэт	03.56	05.26	12.16	15.59	18.50	20.30
13, тхьэмахуэ	03.55	05.25	12.16	16.00	18.51	20.31
14, блыщхьэ	03.53	05.23	12.16	16.00	18.52	20.32
15, гъубж	03.51	05.21	12.16	16.00	18.53	20.33
16, бэрэжьей	03.50	05.20	12.16	16.00	18.54	20.34
17, махуэку	03.48	05.18	12.15	16.01	18.56	20.36
18, мэрем	03.46	05.16	12.15	16.01	18.57	20.37
19, щэбэт	03.45	05.15	12.15	16.02	18.58	20.38
20, тхьэмахуэ	03.43	05.13	12.15	16.02	18.59	20.39
21, блыщхьэ	03.42	05.12	12.14	16.02	19.00	20.40
22, гъубж	03.40	05.10	12.14	16.03	19.01	20.41
23, бэрэжьей	03.39	05.09	12.14	16.03	19.03	20.43
24, махуэку	03.37	05.07	12.14	16.03	19.04	20.44
25, мэрем	03.36	05.06	12.14	16.04	19.05	20.45
26, щэбэт	03.34	05.04	12.14	16.04	19.06	20.46
27, тхьэмахуэ	03.33	05.03	12.13	16.05	19.07	20.47
28, блыщхьэ	03.31	05.01	12.13	16.05	19.09	20.49
29, гъубж	03.29	05.00	12.13	16.05	19.10	20.50
30, бэрэжьей	03.27	04.58	12.13	16.06	19.11	20.51

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм къыдитащ.



● Мэжджыт цIэрыIуэхэр

Аль-Масджид аль-Хьэрэм

Мыр дунейм и мэжджыт нэхъ лъапIэ дыдэращ. Сауд Хьэрыпым и Мэккэ щIыпIэм хыхьэ Каабэм и пщIантIэм щыIэщ.

638 ГЪЭМ Каабэ пэгъунэгъуу япэ дыдэу мэжджыт къыщыунэхуащ. Ибрахьым бегъымбарымрэ абы и къуэ Исмэхьилрэ къызэрагъэпэща икIи яухуа Аль-Масджид аль-Хьэрэмыр 1570 гъэ лъандэрэ яцIыху. А лъэхъэнэм къриубыдэу ар куэдыкIейрэ зэрагъэзахуэжащ икIи пэщIэдзэ ухуэныгъэм щыщу къыхэнэжар мащIэ дыдэщ. ЯпэщIыкIэ абы азэнджапIэу 6 иIащ, ауэ Истамбыл дащIыхьа Мэджыт къащхъуэми апхуэдиз дыдэ щыхуащIым, Мэккэ и Iимамым ар къемызэгъыу къилъытащ: мы дунейм и зы мэжджыти Каабэм ейм хуагъадэ хъунутэкъым. Абы къыхэкIыу Ахьмэд сультIаным унафэ ищIащ ебланэ азэнджапIэри гуащIыхьыжыну.

1980 гъэм Аль-Масджид аль-Хьэрэм мэджытыр иужьу зэрагъэзахуэжащ икIи ипщэ-къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ азанджапIитI иIэу ухуэныгъэ ин дыдэ къыпащIыхьащ. Иджыпсту абы метр зэбгъузэнатIэ мин 309-рэ еубыд. азэнджапIэу 9 иIэщ, метр 95-рэ я лъагагъыу. Куэбжиплым къищынэмыщIауэ мэжджытым иджыри дыхьэпIэ 44-рэ иIэщ. Тхьэ щелъэIу, андез щащтэ щIыпIэхэр хэтщ, цIыхухъухэмрэ цIыхубзхэм яйхэр зэпэщхьэхуэу.

Аль-Масджид аль-Хьэрэм мэжджытым зэуэ цIыху мин 700-м нэблагъэ щIохуэ.

● Махуэгъэпс

Жыг къэбгъэуа - абы и пIэ нэгъуэщI хэсэ

«Мэзхэр хъумэнымкIэ дунейпсо махуэ» жыхуаIэр Мэкъумэш хозяйствэмкIэ европей зэгухьэныгъэм 1971 гъэм къызэригъэпэща и зэхуэсым япэ дыдэу къыщыхалъхьащ. Ауэрэ здекIуэкIым, Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм (ООН-м) и Ассамблее Нэхъыщхьэм 2012 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м зэхиша и зэхыхьэм Мэзхэр хъумэнымкIэ дунейпсо махуэр гъатхэпэм и 21-м гъэлъэпIэн хуейуэ къыщалъытащ.

ЛЪЭХЪЭНЭ блэкIахэми мэзхэм пщIэшхуэ яIащ. Ди япэ итахэм къагурыIуэрт ахэр щысхьыншэу ибупщIыкIыным къиишэнкIэ хъуну тхьэмыщкIагъэр зыхуэдэр. Жыг къэбгъэуа - абы и пIэм нэгъуэщI хэсэ - аращ дгъэлъапIэ махуэм и къыхуеджэныгъэ нэхъыщхьэм и купщIэр. Ди жагъуэ зэрыхъущи, а хабзэр щамыгъэзащIэ къэралхэр ЩIы Хъурейм щымащIэкъым.

Пасэ лъэхъэнэхэм псэуахэм мэзым теухуауэ къекIуэкIа псэлъафэщ «пащтыхьым хуэдэу къулейщ» жыхуиIэри. Пхъэм тхылъымпIэ къыхэпщIыкI зэрыхъум и фIыгъэкIэ, унагъуэм тхылъхэр щыдиIэщ, щыгъын тхуэзыдхэм къагъэсэбэп щэкI «къабзэр» къызыхахри а къэщIыгъэрщ, унэ кIуэцIхэм жыгым и мэр щIэз зыщI унэлъащIэ дэгъуэхэмкIи дыкъызэзыгъэпэщыр аращ, псэупIэ псо къыщыхащIыкIи къохъу. Жыгхэм къызыхауtIыпщыкI нэрымылъагъу къарури цIыхухэм я узыншагъэм дежкIэ сэбэпщ.

Ухуэныгъэм, нэгъуэщI IэнатIэхэм къыщагъэсэбэп пкъыгъуэхэр къызэрыхахым и мызакъуэу, мэзхэм цIыхур фIэкIыпIэ зимыIэу зыхуэныкъуэ лъышэр (кислородыр) къагъэщI, промышленностым къыдэхуэ углеродри зыщIашэ. ШэсыпIэ уихьэфынущ ахэр ЩIы Хъурейм и «тхьэмбылу» зэрыщытымкIи. Планетэм псыIагъэу тетыр тэмэму зегъэкIуэнымкIи къалэн нэхъыщхьэ зыгъэзащIэр ахэращ.

ЖыпIэну ирикъунщ, зы жыг мыин дыдэм сыхьэт 24-м къриубыдэу цIыхуищыр зэрыбауэ лъышэр къызэрилэжьыфри. Фэ, дауи, гу лъыфтащ мэзым уи Iэпкълъэпкъыр нэхъ зэрыщыщIэкIми: мыбдежым хьэуар куэдкIэ щынэхъ къабзэщ. Мэзхэм сабэри зыщIашэ. Псалъэм папщIэ, зы гектарым ит уэздыгъей гуэрэным сабэу тонн 40-м нэблагъэ яубыдыф.

ООН-м Ерыскъыпхъэмрэ мэкъумэш хозяйствэмкIэ и къудамэм къитхэм ятепщIыхьмэ, дунейм мэзхэр псынщIэ дыдэу нэхъ мащIэ щохъу. КъызэрабжамкIэ, илъэс къэс ЩIы Хъурейм мэзу гектар мелуан 14-м нэблагъэ тобзэхыкI, къагъэкIыжыфыр гектар мелуани 7 иримыкъущ. НэгъуэщIу къэдгъэлъагъуэмэ, ди планетэм секунд къэс футбол джэгупIэу тIум хуэдиз къызэщIэзыубыдэ мэз фIокIуэд.

ЩIэныгъэлIхэм къызэрахутамкIэ, жыгхэм щIыгулъым псыуэ къыхашыр ягъэкъабзэ, иужькIи ар хьэуам хаутIыпщхьэж. Мэзхэращ щIыщIагъыпсхэр нэхъыбэу къыдэзышейри, щIыр зымыгъэпхъэхри. Пасэ зэманхэм къыщыщIэдзауэ гу зэрылъатащи, жыг зыIумытыж псыхэр псынщIэ дыдэу мэгъуж.

Мэзым зыщIеф гъатхэм уэсыр щыткIужкIэ куэдыщэу къыдэукъубей псыIагъэри. Арыншамэ псыхэр ямылейуэ къиунут. Гъэмахуэр къихьамэ, жыгым псы ежэхым иретыж езым къебэкIыу зэхуихьэса псыIагъэр - аращ ар и нэхъыбэм зымыгъэжэщIри.

Ди къэралым и щIыналъэм хуозэ дунейм мэзу тетым я процент 22-р. ЗэрагъэбелджыламкIэ, Урысейм и щIыгум щыщу гектар мелардрэ мелуани 180-м нэблагъэм жыг гуэрэнхэр итщ. 2007 гъэм къащтауэ щыта Мэз кодексыщIэм ахэр лIэужьыгъуищу зэхидзащ. Япэ гупым хохьэ ущIэтыну хуабжьу къекIу жыг дахэхэр зэрытхэр, етIуанэм хеубыдэ пхъэ къызыхаххэр. Хасагъащ!эу зыхуэсакъхэр - ещанэщ. Апхуэдэуи, Урысейм и щIыналъэм хуозэ пхъэ къызыхах мэзхэу дуней псом щыIэм я процент 25-м щIигъур. Ар къулеигъэ ин дыдэщ, къэгъэсэбэпын зэрыхуейри егупсысауэщ.

Ди республикэм илъэс зыбжанэ хъуауэ лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI мэзым «еIэзэным», къуажэхэмрэ къалэ округхэмрэ жыгыщIэхэр щыгъэтIысыным, щыпсэухэр щхъуантIагъэхэм хуэсакъын зэрыхуейм къыхуеджэным хуэунэтIауэ.

Къытедгъэзэжынщи, мэзым ди гъащIэм щиIыгъ увыпIэр гъунапкъэншэщ. ИкIи ди закъуэкъым: а къэщIыгъэ телъыджэр, дызэрыщыгъуазэщи, я хэщIапIэщ къуалэ, хьэкIэкхъуэкIэ куэдым, хьэпщхупщхэми хьэпIацIэхэми, е, нэгъуэщIу жытIэмэ, щIы щхьэфэм щызекIуэ псэущхьэхэм я процент 80-м щIигъум! ЗэрыгурыIуэгъуэщи, ахэри ди дунейм щыщщ...

Мэзхэм фащысхь, къарууэ фиIэм фемыблэжу! ФхузэфIэкIыр фщIэ, псэ зыIутхэм хуагъадэ къэщIыгъэ телъыджэу, мэIуху щхъуантIэу дыкъэзыхъумэр ЩIым темыкIуэдыкIыжын щхьэкIэ. Апхуэдэ мыгъуагъэ къэхъу хъужыкъуэмэ, ди планетэм гъащIэ щыIэжыну фIэщщIыгъуейщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Бжьын куэду фшхы

Бжьыныр дэнэ щIыпIи къыщокI, нэхъыбэ дыдэу шхынхэм халъхьэ хадэхэкIщ. Ар щыбупщIатэкIэ уи нэпсыр къызэрыщIигъэжым, узыншагъэмкIэ зэрысэбэпым нэмыщI фызыщыгъуазэIауэ пIэрэ? АтIэ бжьыныр къыщагъэунэхуам, и лIэужьыгъуэхэм, плъыфэ зэхуэмыдэхэр зэриIэм теухуауэ гъэщIэгъуэн куэд щыIэщ.

Бжьыныр Азием щыхасэу щIадзащ, хуэгъэфэщауэ, илъэс 5000 - 4000 ипэкIэ. Ар къыщагъэкI хъуащ Пасэрей Мысырым, Алыджым, Индием. Бжьыным и гугъу щыщIащ Библием. Абы щытопсэлъыхь пасэрей шумерхэм я тхыгъэхэм. Бжьыным и сурэт тещIыхьащ Мысырым и пирамидэхэм я блынхэм.

Дунейм гъэ кьэс къыщагъэкI бжьыну тонн мелуани 100-м нэблагъэ. Нэхъыбэ дыдэу ар щащIэ Китайм – дуней псом щыхасэм и процент 25-р. ЕтIуанэу щытщ Индиер, абы Америкэм и Штат Зэгуэтхэр къыкIэлъокIуэ. Ауэ бжьыныр нэхъыбэ дыдэу зышхыу къалъытар Ливием и цIыхухэрщ.

Бжьыныр щыбупщIатэкIэ уегъагъ, C3H6OS жиIэу къэгъэлъэгъуа газыр зэрыхэлъым къыхэкIыу. Бжьыныр зэгуэбгъэжа нэужь, абы нэр щIэзысыкI бахъэ къыхеху, умылъагъуми.

Плъыфищ иIэщ бжьыным. Гъуэжьыр е гъуабжэр нэхъыбэ дыдэу къагъэкI, дуней псом щащIэм и процент 75-рэ мэхъу. Плъыжьыр нэхъыбэу салатхэм халъхьэ. Хужьыр нэхъыбэу щыхасэр, шхыным щыхалъхьэр Мексикэрщ.

Бжьыныр узыншагъэмкIэ зэрысэбэпым псори щыгъуазэщ. Абы куэду хэлъщ биотин, витамин C, джыщIяе (марганец), гъуаплъэ, клетчаткэ, фосфор, калий. Гур фIыуэ егъэлажьэ, иммунитетыр егъэбыдэ, къупщхьэмкIи шхалъэмкIи сэбэпщ. Пасэрей алыдж дохутыр Диоскорид и чэнджэщкIэ спортсменхэм куэду яшхырт бжьын, бжьыныпс къыщIэгъэжами къудейуэ ефэхэрт. Спортсменхэр абы нэхъ Iэчлъэч ищIырт.

Сульфоксидрэ сульфидрэ зэрыхэлъым къыхэкIыу, бжьыныр зэранщ языныкъуэ псэущхьэхэм - хьэхэм, джэдухэм, шыхэм, номинхэм, нэгъуэщIхэми - я дежкIэ.

Гиннесс рекордхэмкIэ и тхылъым зэритымкIэ, бжьын нэхъ хьэлъэ дыдэу кърахьэлIэжар килограмми 8,2-рэ хъурт. Ар Британием щыщ фермер Глэйзбрук Питер игъэкIат. ГъэщIэгъуэныращи, апхуэдэ рекордкIэ хадэхэкIгъэкIым езы дыдэм нэхъ пасэу иIа рекордщ икIутэжар - япэрейр грамм 60-кIэ нэхъ псынщIэт.

ГъукIакъуэ Темырхъан цIыкIу илъэсищ ирокъу. Налшык дэт прогимназие №52-м хэт сабий садым макIуэ.

БЕМЫРЗЭ Зураб:

«УсакIуэр» ди адэм зэрихьа цIэ лъапIэщ...

Зэгуэрым щIэблэ къиувэнум ди пIэм
Ди щэн е ди сурэт къыхэщыжынщ.
Бемырзэ Мухьэдин.



УсакIуэщ, тхакIуэщ, драматургщ Бемырзэ Зураб. Сабийхэми балигъхэми яхуэгъэзащ и къалэм жаныр. Сабиигъуэм, усыгъэм, и адэм теухуауэ Зураб и гупсысэхэр куущ! Мы мазэм и 21-р Усыгъэм и дунейпсо махуэщ. Дыфхуейщ фэ фхуэдэ цIыкIухэми, балигъхэми яхуэтхэ усакIуэр гъунэгъуу къэфцIыхуну, и усэхэм щыщ фыкъеджэну. Фигу зэрырихьынур дощIэ!

Сабиигъуэм къыздисха зы хьэл

- Си сабиигъуэр Инжыдж ЦIыкIу и Iуфэм Iус Алибердыкъуэ (Хьэгъундыкъуей) къуажэм щесхьэкIащ. УсакIуэ 20-м нэс къызыдэкIа къуажэм сыкъыщыхъуати, дауэ хъунут сэри сымыусамэ?!. Псом хуэмыдэу, си адэри усакIуэу щыщыткIэ. Си сабиигъуэм зы хьэл къыздисхащи, абы и гугъу фхуэсщIынщ. СыцIыкIут, лъакъуэрыгъажэ сиIэну сехъуапсэрт. Ди анэшхуэм и пенсэр иритурэ зэи тIэуи си адэр къалэм игъэкIуащ, «мы сабийр зыщIэхъуэпсыр къыхуэщэху», жиIэурэ. АрщхьэкIэ игъуэттэкъым, тыкуэнхэми щызэпэубыдат. Сытми, тригъазэурэ аргуэру кIуащ зыбжанэрэ, имыгъуэтыр си фIэщ мыхъун фIэщIри, уеблэмэ сэри зэ сыздишат. ЩыIэткъым, дгъуэттэкъым, ящэртэкъым. Арати, лъакъуэрыгъажэр къысхуамыщэхуу къэнащ. А Iуэхум къыхэсхащ сэ зы хьэл: зэрэ тIэурэ и ужь сихьауэ, зыгуэр къызэмыхъулIэмэ, «ар си натIэм кърихатэкъым» жызоIэри, абдеж къыщызогъэнэж.

И макъ щызэхэсхырт...

- Си адэм и усыгъэр нобэщ си гъащIэм къыхыхьэн щыщIидзар. Абы къикIыркъым усэхэм семыджауэ, сащымыгъуазэу. И тхылъхэр сыт щыгъуи си гъусэщ, унэми лэжьапIэмкIи си Iэнащхьэм телъщ. Усэ щыстхкIи плъапIэу сиIэщ ахэр. Ауэ... псэкIэ къызэхьэлъэкIырт сыкъеджэн, усэ къэс ди адэм и макъыр щызэхэсхырт... Бемырзэ Мухьэдин и усыгъэм сэ хэслъагъуэмрэ адрей еджэхэм халъагъуэмрэ зэмыщхьу къысщохъу. Усэхэм щIэрыщIэу седжэжыху, щIэуэ гупсысэ гуэр къыхызох. Сэ си акъылкIэ, си гупсысэкIэ, си усыгъэкIэ сызэтеувэмэщ абы и усыгъэм нэгъэсауэ сыщыхэплъэжыфынур.

Сэ сыгъуджэу къыщIэкIынущ

- Бгым къежэха мывэ цIыкIур къыздежэхам худэплъеижу абы зригъэпщэн хуейкъым. Сэри ди адэм и усыгъэм зэи зезгъэпщакъым. Абы и джэрпэджэж теплъэ, гупсысэ, сурэт, зэчий сэ къыслъысауэ дунейм сытету аращ. Сэ сыгъуджэу къыщIэкIынущ – си адэм и теплъэ къызэрыщыж гъуджэ. И усэ гуэрым щитхауэ щытащ: «Зэгуэрым щIэблэ къиувэнум ди пIэм, ди щэн е ди сурэт къыхэщыжынщ», - жиIэу.

«УсакIуэр» ди адэм зэрихьа цIэ лъапIэщ

- Усыгъэр сэркIэ гу жыыдэхупIэщ. Си щхьэм илъ гупсысэр гъащIэм зэрестыж Iэмалщ - япэу сызэпхъуэр аращ. Ар ди адэм къызита Iэмалу солъытэ. Сэ усэ сотх, ауэ усакIуэу зыкъэслъытэркъым. «УсакIуэр» ди адэм зэрихьа цIэ лъапIэщ. Си усыгъэм цIыхухэм езыхэм яйуэ зыгуэр зэрыхалъагъуэр, гупсысэ гуэрхэм зэрыхуишэхэр солъагъури, ар сэркIэ гуапэщ. Сотхри, интернетым къызолъхьэ.

ГЪУЭТ Синэ

Усэхэр

Адакъэ

Ди адакъэр зэрэ Iуащ!
Ди адакъэр тIорэ Iуащ!
Ди адакъэр щэрэ щыIуэм,
Дыгъэ жейр къигъэушащ!

Ди адакъэр плIэрэ Iуащ!
Ди адакъэр тхуэрэ Iуащ!
Ди адакъэр хэрэ щыIуэм,
Дыгъэр губжьри
къыкъуэкIащ!

Ди адакъэр блэрэ Iуащ!
Ди адакъэр йерэ Iуащ!
Ди адакъэр бгъуэрэ
щыIуэм,
Нанэ «Хъер, Алыхь» жиIащ.

Джэду

КIущэ, кIущэ,
КIущэ бзаджэ,
Джэдуунэ, унэрыс,
ЦIыс нэIуцэ,
ПащIэтIей,
Щхьэнтэм тесу согъэдей.
Лъабэ щабэ,
ЩабэрыкIуэ,
КIущэнауэ,
Щхьэнтэрыс,
Шатэр ешхри,
Лыри ешхри,
И пырхъ макъым дегъэсыс.

Топ

Топ цIыкIу, джэгурей,
Укъоух, удоуей,
КъыбопкIыхь, ущIопхъуэж,
КъакIуи лъабэмкIэ
къэкIуэж.

Сэ уи джабэм сынеуэнщ,
Псыхьэлыгъуэм упрысхунщ,
Зэ сыноуэм, тIэу сыноуэм –
Хуабжьу джэгурей
сыхъунщ.

Афэрым, «Черкес»!

«Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и къэфакIуэу щыта, щэнхабзэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэ БжьыхьэлI Замир илъэсий ипэкIэ къызэригъэпэща, лъэпкъ къафэмкIэ щапхъэ зытепх хъуну къалъыта «Черкес» гупым ехъулIэныгъэшхуэ иIэщ. Зэхьэзэхуэ щIагъуэ къанэркъым абы япэ увыпIэр къыщамыхьу, уеблэмэ унэтIыныгъэ зыбжанэмкIэ нэхъыфIу къыщалъытэр нэхъыбэщ. Иужьрейуэ «Черкес»-р Москва щыIащ, абы Кольцовэ М. М. и цIэр зэрихьэу лъэпкъ къафэхэмкIэ щекIуэкIа чемпионатым хэтащ, текIуэныгъэуи плIы къыщихьащ. БжьыхьэлIыр балетмейстер нэхъыфIу къалъытащ, гран-при саугъэтри «Черкес»-м фIэкIакъым – а тIум къапэкIуащ кубокхэр. «Лъэпкъ къафэ», «Лъэпкъ къафэхэм я теплъэгъуэщIэхэр» унэтIыныгъэхэмкIэ гупым япэ увыпIэхэр къыхуагъэфэщащ.

ЗЭПЕУЭ-зэхьэзэхуэ куэдым я зэфIэкI щигъэлъэгъуащ гупым икIи зэи къэхъуакъым абы гу къыщылъамыта, адрейхэм къащыхэмыжаныкIа. Ар, шэч хэмылъу, и фIыгъэщ абы и къызэгъэпэщакIуэ икIи и балетмейстер БжьыхьэлIым. Гупыр зэрылажьэ пIалъэ кIэщIым (гъатхэпэм и 7-м ар илъэсий хъуауэ аращ) къриубыдэу кубокыу 62-рэ къихьащи, абыхэм тIу яхэту аращ мыяпэу. «ДызэрытекIуэнур сщIэуэ зэи зэхьэзэхуэ сыкIуэнукъым. Дызыпеуэн, дызэныкъуэкъун хуей щымыIэнумэ, лIо абы щыпщIэнур?! ИтIанэ гран-при саугъэту зыбжанэ щатыну зэIущIэхэм зыщызодзей. ЦIыхухэр арэзы ящIын папщIэ, а саугъэтыр зыбжанэ щащI щыIэщи, занщIэу абы сыщIоупщIэ», - жеIэ Замир.

Гупым и ехъулIэныгъэхэр къэзыгъэлъагъуэу къыщыхъу Iуэхугъуэхэм я гугъу къысхуищIыну БжьыхьэлIым сыщелъэIукIэ, и гукъэкIыжхэм нэхъыщхьэхэр «къыхикъузыкIыурэ» къызжеIэ:

- Ансамблыр зэрызэхуэсшэсрэ илъэс фIэкIа мыхъуауэ, а пIалъэм ирихьэлIэу гран-при саугъэту 25-рэ диIэу, 2017 гъэм Кавказымрэ Кавказым и щIыб щыналъэхэмрэ я Урысей чемпионатым дыщыIат. Абы щыгъуэ дызэрытекIуэнумкIэ шэсыпIэ ихьэфыну къэзылъыта си гъэсэнхэр а я гукъэкIым игъэжакъуэри, Iыхьэншэ дыхъуат. Ар щIыжысIэрващи, щыбэлэрыгъа щыIами, зэфIэкI хъарзынэ зиIэ, си псалъэр тIу ямыщIу къызэдаIуэ си щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ я къару псори къагъэсэбэпу лажьэмэ, яхузэфIэмыкIынрэ къамыхьыфын увыпIэфIрэ щыIэкъым.

«Страна талантов» телевизионнэ зэпеуэми дыхэтащ. ЛъэIу тхылъу минитI ирагъэхьри, абыхэм онлайн щIыкIэм тету 400 къыхахат. Я нэхъыфIу къалъыта гуп 80-м хэта академическэ ансамбль 11-м нэхърэ нэхъыфIу си гъэсэнхэм зыкъагъэлъагъуэри, етIуанэ увыпIэр къэтхьауэ щытащ.

Иджыпсту дыздэщыIа чемпионатым ансамбль 44-м я къафэу 156-рэ щагъэлъэгъуащ. Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI, ди къэрал псом щыцIэрыIуэ гъуазджэ лэжьакIуэхэр зыхэта жюрийуэ куэдым къапщытащ ди лэжьыгъэхэр.

Замир и Iуэху бгъэдыхьэкIэр нэгъуэщIхэм къахэзыгъэщщ цIыкIуи ини зэгъусэу зэрадэлажьэр, сабийхэм ягъэзащIэ, балигъхэм утыку кърахьэ, зэщIыгъуу зэдагъэлъагъуэ къафэхэри зэригъэувыр. Пэжщ, студие иIэщ, ауэ ахэр щхьэхуэкъым. Езыр «Кабардинка» ансамблым хэтакъэ?! Абы щыгъуэ ахэр зыгъасэу щыта Думэныщ Iэулэдин зэи гуп-гупурэ игуэшыртэкъым, нэхъыжьи, нэхъыщIи, нэхъыщхьи къыхигъэщхьэхукIыртэкъым.

Сабийм хузэфIэкIыр къищIэным зэман куэд иригъэхьыркъым Замир, занщIэу къахелъагъукI зэчий зыбгъэдэлъыр. Ауэ, зэрыжиIэмкIэ, мыхьэнэ нэхъыбэ зиIэр цIыхум и ерыщагъымрэ гугъу зэрызригъэхьымрэщ. «ЗэфIэкI бгъэдэлъу, ауэ нэсу къыхуэмыгъэсэбэпынкIэ хъунущ. Ерыщу Iуэхум бгъэдыхьэу а зэчиифIэр хьэгъунэ къыдэзымыгъэплъыни щыIэщ. КъыпхуэщIэнукъым. Куэдрэ къохъу гупым къыхагъэхьэну къаша я сабийм нэхърэ ауэ я гъусэу къашар, гъуазджэ Iуэхуи зезымыхуэр нэхъыфIу къэфэфу», - жеIэ Замир.

И зы хьэлым и гугъу къысхуещI си псэлъэгъум: таурыхъхэм, фильмхэм, гъащIэм къыхих цIэ лейхэр яфIищ хабзэщ абы и гъэсэнхэм, я зыIыгъыкIэм, я утыку итыкIэм игу къигъэкIыу. Набдзэгубдзаплъэу зэракIэлъыплъым, я зэфIэкI къызэрихутэм и щыхьэту, сабийхэм я адэ-анэхэри щыхьэт зэрытехъуэщи, ахэр яхуокIуэпс зыхужиIэхэм. МыкIуэмытэ цIыкIуу щытурэ бгъэщIагъуэу зэуэ зикъызыкъуэзыхыжи къахокI гупым хэтхэм. Хуэнэхъуеиншэу къафэм дэплъейр, абы щIэрыхьэну лъэпIастхъэращ Замир фIэфIыр. «Къызэрыфа илъэс бжыгъэракъым я увыпIэр зэлъытар. ЯжесIэри? Фэ увыпIэ фиIэкъым, ар фызэрейр фынэхъыфIыхущ. ЯщIэ, тIэу семыплъу, нэхъыфIымкIэ, дыгъуасэ къэкIуэн щIэзыдзар арами, зэрызэсхъуэкIынур», - къыхегъэщ гъэсакIуэм. Замир и гупым къыхыхьа сабийхэм фIырыфIкIэ хэкIыж яхэткъым. «Сэ згъэсар къэфэну хуеинущи, хэкIыжми, зэман дэкIа иужь, къагъэзэж», - жеIэ Замир.

Куэдрэ жызоIэ икIи сыт хуэдэ адыгэ псалъэжьми хуэдэу купщIэшхуэ иIэу къысщохъу «ГъущI куэбжэ зиIэр гъущI мастэ щощIэ» жыхуиIэм. Апхуэдэу къызэрыщIэздзэу Замир и жэуапыр хьэзырщ.

- И пэхэм нэхъыбэ дыдэу гугъу сезыгъэхьар сыщылэжьэн пэш сызэримыIаращ. Зы махуэм зы щIыпIэм, адрейм нэгъуэщIым сыкIуэн зэрыхуейм цIыхухэр сфIигъэкIуэдырт. Иджыпсту ар си гуныкъуэгъуэм хэщIащи, согуфIэ. Фащэхэм, фэилъхьэгъуэхэм епха гугъуехьщ нобэкIэ сызыхэтыр. Адэ-анэм схуажеIэкъым щыгъыныщIэхэр едгъэдыну, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ зыгуэрым хузэфIокI, нэгъуэщIым и сомыр хурикъуркъым. ЕтIуанэм зыкъызигъэщIэнукъым, ауэ хъарзынэу къафэ и щIэблэр хишыжынурэ ежьэжынущ. Ар сызыхуэмей Iуэхущи, диIэхэмкIэ дыкъофэ, зыгуэрурэ зэблызодз, си Iэ къызыпекIуэкI гуэрхэр къызоугъуей. Уеблэмэ, ахъшэ куэд зытекIуэдэну зэхьэзэхуэхэм сшэркъым ансамблыр, къатехьэлъэнкIэ согузавэри.

Замир и дежкIэ зэхьэзэхуэхэр, зекIуэхэр, уеблэмэ абыхэм къапэкIуэ саугъэтхэр аракъым нэхъыщхьэр. Ипэ иригъэщри нэхъыщхьэу зыхуэкIуэн хуейуэ ибжри адыгэм ди щэнхабзэр, ди дуней тетыкIэр, хабзэр, ди фащэм, зыIыгъыкIэм я нэхъ дахэр, нэгъуэщIхэри дыкъэзымыцIыху лъэпкъхэм я деж ди къафэхэмкIэ нихьэсынырщ. ЖыпIэнурамэ, дахэм, екIум я IэмалкIэ дызищIысыр къигъэлъэгъуэнырщ зыхущIэкъур, ар къехъулIэуи си гугъэщ.

ИпэкIэ мыплъэ, нэхъыфIым щымыгугъ, хъуэпсапIэ зимыIэ щыIэу къыщIэкIынкъым. Шэч хэмылъу, гугъэфIхэр иIэщ «Черкес» ансамблым, абы и балетмейстерым. Абы сыщыщIэупщIэкIэ, псо дыдэри къызэрызжимыIэфынур, ауэ зыгуэрхэми я гугъу къысхуищIмэ зэрыфIэфIыр къыхегъэщ. «Спортсменхэм я зэхьэзэхуэу Алыджым къыщежьащ Олимп джэгухэр, уэрэджыIакIуэхэмрэ къэфакIуэхэмрэ щызэхьэзэхуэу щыIащ Пифий джэгухэр. Мыращ къызытехъукIар гъуазджэм и унэтIыныгъэ зыбжанэм ехьэлIа зэхьэзэхуэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр къызэщIиубыдэу екIуэкI Дельфий джэгухэр. МэлыжьыхьмазэмщыIэнущ ар. Урысей чемпионатым зыхуэзгъэхьэзырурэ сIэщIэхури, лъэIу тхылъ дыгъэгъазэ мазэм езгъэхьатэкъыми дыкъыкIэрыхуащ, ауэ Iэмал имыIэу 2026 гъэм екIуэкIынум ди лъэ нэтхусынущ, джэгум зэрихабзэу, абы щытекIуэм и щIыпIэм къыкIэлъыкIуэ зэIущIэр щрагъэкIуэкIыу аращи, 2027 гъэм ди деж къахьын хуэдэу», - и гугъэхэм дыщегъэгъуазэ Замир.

Апхуэдэуи къыхэгъэщыпхъэщ мы гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м Налшык и Театр щхъуантIэм концертышхуэ ансамблым щитыну зэримурадыр.

Афэрым, «Черкес»! Нэхъыбэж зэвгъэхъулIэну, нэхъыфIыж фыхъуну, фи зэфIэкIыр куэдыну!

ИСТЭПАН Залинэ.

Я къарур яхузэгъэзэхуакъым

«Динамо Ставрополь» (Ставрополь) - «Спартак-Налшык» (Налшык) – 3:2 (1:2). Ставрополь. «Динамо» стадион. Гъатхэпэм и 22-м. ЦIыху 200 еплъащ.

Судьяхэр: Колтунов, Новиков, Бирюков (псори Дон Iус Ростов щыщщ).

«Динамо Ставрополь»: Константинов, Муслуев, Рымарь, Ягьяев, Телепов (Касьянов, 72), Мэкъуауэ (Карасев, 81), Чуперкэ (Зароченцев, 82), Магомедов (Василенкэ, 82), Степанович, Ченчиков (Джумаев, 72), Абдулхаимдов.

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, Хизриев (Джыназ, 83), Пириев, Гъуэгузокъуэ, КIэдыкIуей, Блий, Далиев (Сабаншы, 67), ХьэцIыкIу, Хьэшыр, Лысенкэ (Лlуп, 88), Мусаев.

Топхэр дагъэкIащ: ХьэцIыкIум, 3 (0:1). Лысенкэ, 25 (0:2). Магомедовым, 45+2 (1:2). Мэкъуауэм, 50 (2:2). Черниковым, 53 (3:2).

Дагъуэ къыхуащIащ: Пириевым, Гъуэгузокъуэм, Василенкэ, Муслуевым.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым мы гъэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм «Спартак-Налшыкым» щIэбэт кIуам Ставрополь къалэм щригъэжьащ. Куэдым яфIэхьэлэмэтт командэхэм я тренер нэхъыщхьэ адыгэ щIалэху Шакъ Ашэмэзрэ Битокъу Тимуррэ я зэпэщIэтыныгъэм къыриkIуэнур.

Нэгъабэрей зэхьэзэхуэмрэ мыгъэреймрэ я зэхуакум дэлъа мазиплIым щIигъу пIалъэм топ джэгум хуигъэзэша командэхэм яфIэщIэщыгъуэу зэIущIэр ирагъэжьащ. Апхуэдэу щыт пэтми, «Спартак-Налшыкым» и тепщэныгъэр занщIэу наIуэ хъуащ. Дакъикъэ ещанэр екIуэкIыу арат ХьэцIыкIум ди щIалэхэр япэ щригъэщам.

Апхуэдэ щIэдзэкIэ хуэмыхьэзыр хэгъэрейхэм псынщIэу зрачащ, бжыгъэр зэхуэдэ ящIыжыну я мураду. АрщхьэкIэ мыгувэу етIуанэ топри я гъуэм дэлъэтащ, ди командэм къыхыхьагъащIэ Лысенкэ и фIыгъэкIэ.

Джэгум и 25-нэ дакъикъэр екIуэкIыу арами, «Спартак-Налшыкыр» 2:0-у япэ ищат. Абы гугъэфIхэр уигъэщIырт.

ПсынщIэу я насып къызэрикIарами е я къарур яхузэмыгъэзэхуами хэт ищIэн, ауэ зэIущIэм и япэ Iыхьэм и кIэухыу ирихьэлIэу ди щIалэхэр икъукIэ къыхагъэзыхь хъуащ. Зыкъомрэ ахэр хэгъэрейхэм я ебгъэрыкIуэныгъэ лъэщхэм хуэфэщэну пэщIэтыфащ. АрщхьэкIэ, загъэпсэхуну щикIыну дыдэм ирихьэлIэу топ къыхудагъэкIащ.

Дэтхэнэ зы гупым и дежкIи ар щIэщхъу бзаджэщ. ИкIи апхуэдэхэм зэрыпэщIэтыфым къегъэлъагъуэ я зэфIэкIыр здынэсыр. Ди жагъуэ зэрыхъуэщи, налшыкдэсхэр зэкIэ мыпсыхьыщауэ къыщIэкIащ.

Джэгур ирагъэжьэжа къудейуэ арат зэгуэрым «Спартак-Налшыкым» и пашэхэм ящыщ зыуэ щыта Мэкъуауэ Залым я лъахэгъухэм топ къащыхудигъэкIыжам. Абы игъэуныдырэщхъуа хьэщIэхэм дакъикъитI-щы нэхъ дэмыкIыу ещанэуи я гъуэр ставропольдэсхэм къащтащ. Апхуэдэу, зэман кIэщIым къриубыдэу, ди щIалэхэм ирагъэхьащ куэдкIэ дызыщагъэгугъа икIи лъэщу ирагъэжьа зэIущIэр.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхудощI Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкIа пэщIэдзэ зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Астрахань**» (Астрахань) – «Кубань-**Холдинг**» (Павловскэ) - **1**:**1**, «**Ростов-2**» (Дон Iус Ростов) – «**Легион**» (Мэхъэчкъалэ) - **3**:**0**, «Рубин» (Ялтэ) - «**Ангушт**» (Нэзрэн) – **1**:**0**, «**Победа**» (Хасавюрт) – «**Севастополь**» (Севастополь) - **1**:**2**, «**Нарт**» (Черкесск) – «**Дружба**» (Мейкъуапэ) – **1**:**0**, «**Динамо-2**» (Мэхэчкъалэ) – «**Сочи-2**» (Сочэ) - **1**:**2**.

Гъатхэпэм и 29-м къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкым» и стадионым къыщригъэблэгъэнущ Мэхъэчкъалэ и «Динамо-2» командэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Ростов-2»**	**1**	1	**0**	**0**	**3-0**	3
2.	«Динамо Ставрополь»	1	1	0	0	3-2	3
3.	«Сочи-2»	1	1	0	0	2-1	3
4.	«Севастополь»	1	1	0	0	2-1	3
5.	«Рубин-Ялта»	1	1	0	0	1-0	3
6.	«Нарт»	1	1	0	0	1-0	3
7.	«Кубань Холдинг»	1	0	1	0	1-1	1
8.	«Астрахань»	1	0	1	0	1-1	1
9.	**«Спартак-Налшык»**	**1**	**0**	**0**	**1**	**2-3**	**0**
10.	«Победа»	1	0	0	1	1-2	0
11.	«Динамо-2»	1	0	0	1	1-2	0
12.	«Дружба»	1	0	0	1	0-1	0
13.	«Ангушт»	1	0	0	1	0-1	0
14.	**«Легион»**	**1**	**0**	**0**	**1**	**0-3**	**0**

Псалъэзэблэдз



Жэуапхэр пэжу ифтхэмэ, къехыу псалъэм фыкъеджэфынущ: «къуажэхьхэр»

ЕкIуэкIыу: **1**. Зызыгъэпщу пщым и Iэгу псы изыкIэ. **2**. Шындэбзий гъэгъуахъуэ, данагъуэ пщэдыкъ. **3**. Махуэ псом мыпсэху, жэщ хъум бжэкъуагъым къуэувэж. **4**. Зи бын псори дзыгъуащэ. **5**. ВакIуэ дэкIым кIэлъоджэ, къаджэнаджэу къекIух. **6**. Вагъэр хужьщ, жылэр фIыцIэщ. **7**. КIуау-кIуау лъэрыч, къуажэр щэ зэпызыч. **8**. Мазэм хуэдэу хъуреябзэщ, бзэгуу иIэр дагъэ защIэщ, щIым къыхэпщмэ дыгъэм хуоплъэ.

Жэуапхэр:

1. Къубгъан. 2. Адакъэ. 3. Жьыхапхъэ. 4. Джэду. 5. Хьэрхъуп. 6. Тхылъ. 7. Гуэгуш. 8. Сэхуран.

БИЦУ Жаннэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, Щхьэщэмыщl Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; з корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.456
Заказыр № 611
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Марие** *(1, 3-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.**
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.